G. S. PATULLAEVA

**G. S. PATULLAEVA**

# QARAQALPAQ TİLİNDEGİ SO'ZLERDİN' MORFEMALIQ QURILISI

BAYOZ
NASHRIYOTI

TASHKENT – 2015

UO'K: 811.512.121
BBK: 81.2O'zb-6Қ-4
P-46

**Patullaeva G.**
Qaraqalpaq tilindegi so'zlerdin' morfemalıq qurılısı. Oqıw qollanba. – Tashkent, "BAYOZ", 2015, 52 bet.

Bul oqıw qollanbada qaraqalpaq til biliminin' so'z jasalıw ha'm morfologiya tarawlarınan burın u'yreniletug'ın til birligi bolg'an morfemalardı izertleytug'ın morfemika tarawı boyınsha qısqasha teoriyalıq mag'lıwmatlar, shınıg'ıwlar, interaktiv shınıg'ıwlar, test sorawları, ha'zirgi da'wir talabı – innovatsiyalıq texnologiya tiykarında pa'ndi oqıtıwda slaydlar tayarlaw ushın kesteler, sorawlar toplamı, son'ında morfemika boyınsha glossariy berilgen.

Kitapshadan joqarı oqıw orınlarının' oqıtıwshıları, bakalavrlar, magistrler, sonday-aq qa'nige mug'allim-oqıwshılar paydalansa boladı.

**Juwaplı redaktor:**
*Qoshanov Q.* – filologiya ilimlerinin' kandidatı, professor

**Pikir bildiriwshiler:**
*Qudaybergenov M.* – filologiya ilimlerinin' doktorı, professor
*Yusupova B.* – filologiya ilimlerinin' kandidatı

UO'K: 811.512.121
BBK: 81.2O'zb-6Қ-4

ISBN-978-9943-4422-8-3

© "BAYOZ", 2015.
© Patullaeva G, 2015.

## SO'ZLERDİN' MORFEMALIQ QURILISI

**Morfemika** – so'zdin' morfemalıq qurılısı haqqında ilim. ***İzertlew obiekti*** – *morfema, morf.*

Tilde ha'rbir so'z o'zinin' qurılısına iye boladı: geyparaları tu'bir bolıp kelse, geyparaları tiykar yaki qosımtalar menen keledi. Demek, ha'rbir so'z ma'nili birliklerden, yag'nıy morfemalardan ibarat.

**Morfema** – til birligi. Ol – ulıwmalastırıwshı atama. Morfema – so'zdin' en' kishi ma'nili bo'lekleri. Bul termin grek tilinen alınıp, «morphe» - *forma* degen ma'nini an'latadı. Onı ilimge birinshi ret 1881-jılı rus-polyak ilimpazı *İ.A.Boduen de Kurtene* engizgen, ol tu'birdin' de, formalardın' da so'zdin' bo'lekleri ekenligin da'lillegen. Ma'selen, ha'r kimge sabırlılıq kerek degen ga'ptegi *sabırlılıq* degen so'zdin': ***sabır*** – leksikalıq ma'ni an'latıwshı tiykarg'ı bo'legi, ***-lı*** – so'zdin' da'slepki leksikalıq ma'nisin o'zgertip jan'a ma'nidegi so'z jasawshı bo'legi, ***-lıq*** – jan'a ma'nidegi so'z jasawshı bo'legi. Demek, bul so'z – 3 morfemalı so'z.

Morfemanın' o'zi morflardın' jıyındısınan turadı. Bir morfema bir neshe morflardan du'ziledi.

İlimiy a'debiyatlarda morfema termini menen birge *morf* termini de qollanıladı. **Morf** – so'ylew birligi, yag'nıy morfemanın' so'ylewdegi bir ko'rinisi. Bul termindi 1947-jılı amerika lingvisti *X.F.Xokket* usıng'an.

Morftın' ren'kleri, morftın' variantları bar. Morfemalar so'zdin' quramında qollanılg'anda ha'r qıylı boladı. Ma'selen, iyelik sepligi -nın'//-nin', -dın'//-din', -tın'//-tin' affikslerine iye. Bul affikstin' bir neshe ko'riniste beriliwi morftın' ren'klerin payda etedi.

***Morftın' renkleri*** – bir morfemanın' bir neshe ko'rinisi: -**ma//-me** morfının' -ba, -be, -pa, -pe sıyaqlı ko'rinisleri bar.

***Morftın' variantları*** – forması ha'm seslik qurılısı jag'ınan o'zgerislerge ushırag'an morflar. **Ek** tu'bir morfemasına dawıslı sesten baslang'an qosımta qosılg'anda tu'birdegi u'nsiz **k** dawıssızı u'nli **g** dawıssızına aylanadı: **ek - egin.** Ko'mekshi morfemalarda

da usınday seslik o'zgerisler ushırasadı. Al, il+mek – il+meg+i, bala+lıq – bala+lıg'+ı, qorq+aq – qorq+ag'+ı, qıyın+shılıq – qıyın+shılıg'+ı so'zlerindegi k→g, q-g', p→b o'zgeriwleri na'tiyjesinde morftın' variantları payda boladı: -aq → -ag', -lıq→-lıg' ha'm t.b.

Morftın' variantlarında da, morftın' ren'klerinde de morflardın' forması ha'm seslik qurılısı jag'ınan o'zgeriske ushırawı an'latılsa, tilde morflar forması ha'm ma'nisi jag'ınan bir-birine jaqın bolıp ta keledi.

***Allomorf*** – forması ha'm ma'nisi bir-birine jaqın morflar. Ma'selen, -shılıq//-shilik morfeması arqalı qanday da bir ka'siptin' atamaları – *balıq+shılıq, sharwa+shılıq, o'nerment+shilik,* al -la//-le morfeması arqalı is-ha'reket an'latıladı: *tırma+la, utyug+le.*

Tuurkologiyada morfemika ma'seleleri 1970-jıllardan baslap u'yrenildi h'a'm 1980-jıllardan baslap sabaqlıqlar menen grammatikalarda morfemika o'z aldına bo'lek taraw sıpatında berile basladı.

**1-shınıg'ıw.** *Berilgen so'zlerdi morfemalardın' sanına qaray ajıratın'.*

Gu'llendiriw, qupıyalı, gu'dibuzarlıq, gu'manshıl, dug'ıjımlaw, duwago'y, jaqsılıq, jedellilik, joqarg'ı, kershi, ko'shirme, qaytalanıw, qollanbalı, turaqlastırıw.

**2-shınıg'ıw.** *Ga'plerdin' ishinen ren'klerge iye morflardı tabın' ha'm tu'sindirin'.*

1. Awzına kelgenin aytıw – nadannın' isi, aldına kelgenin jew – haywannın' isi (A.Nawayı). 2. Mal-du'n'yan'dı az deme, taslap keter du'n'ya – bul (Maqtımqulı). 3. Ko'p bilgendi emes, al bilgenleri paydalı bolg'an adamlarg'a g'ana dana degen durıs (Esxil). 4. O'mirdegi barlıq na'rseni ta'g'dirdin' sawg'asınday qabıl etiw kerek (V.P.Smetnik).

**3-shınıg'ıw.** *Teksttegi so'zlerdin' morfemalıq quramın anıqlan' ha'm morftın' ren'klerin tabın', da'lillen'.*



**Shomanay**

O'tken a'sirde ha'zirgi Shomanay dalalıg'ında elat bolıp xalıq egin ekken. Shomanay degen arna qazılg'an. Xalıq an'ızlarında Shomanay degen qız kanaldı qazg'an qazıwshılarg'a suw qaynatıp xızmet etken eken. Shomanay arnası qazılıp bolg'annan keyin bul arnag'a sol qızdın' atın qoyg'an deydi (Q.Ayımbetov).

**4-shınıg'ıw.** *Berilgen morflardın' ishinen allomorflıq xızmettegilerin tawıp, mısallar keltirin'.*

*U'lgi:* -shı//-shi forması arqalı belgili bir ka'sip penen shug'illanıwshı adam an'latıladı: *terimshi, jazıwshı, balıqshı, palawshı, duwtarshı.*

**-ker, -ger; -ıq//-ik; -g'ı//gi; -sız//-siz; -qır//-kir; -qısh//kish; -ın//-in; -ar//-er; -mız//-miz.**

**5-shınıg'ıw.** *So'zlerdi qurılısına qaray morfemalarg'a ajıratın'.*

1. Ko'p oylap, jaqsı so'yle – nusqa bolsın, qaytarar juwabın' da qısqa bolsın. 2. Bilim qa'dirin oqıg'an biler, zer qa'dirin toqıg'an biler. 3. Adamnın' adamgershiligin jaqsı ustazdan baslanadı. 4. Ha'rbir insannın' ma'n'gilik u'sh joldası bar: birinshi joldası – dostı, ekinshisi – dushpanı, u'shinshisi – tamashago'yi (T.Qayıpbergenov). 5. Adam eki tu'rli boladı: birewi – u'yreniwshi, ekinshisi u'yretiwshi. Bul eki sıpattan bos qalg'an adam haywan qatarında boladı. Sonın' ushın da, ya onısın, ya bunısın tan'lap al («Qabusnama»).

**1-interaktiv shınıg'ıw** – «Gologramma».

Sha'rti: U'shmu'yeshlik formasındag'ı qag'azlarg'a morfemalardı jazıp, olardan so'zler quran', sol so'zdin' ma'nisin tu'sindirin' ha'm neshe morfemalı so'z ekenligin anıqlan'.

U'lgi:



Qayırqomshılıqtın', juldızsha, mayısqaq, ruwzıgershilikte, qarapayımlılıq, g'arqıldı, qudamdalı, qaltıldaq, qamsızlandırıw, o'tiniwshi, oqıttırmaqshı, kekselikke, yapırmayınan, saran'li'qtan.

**2-interaktiv shınıg'ıw** – «Morfemika» krossvordı



Sha'rti:

1. Qaraqalpaq til biliminin' eki tarawı qosa u'yrenilip ju'rgen tarawdın' atı. 2. Til birligi. 3. Morfema terminin lingvistikag'a birinshi kirgizgen ilimpaz. 4. Morfemanın' so'ylewdegi ko'rinisi. 5. Morf terminin engizgen alım. 6. Forması ha'm ma'nisi bir-birine jaqın morflar. 7. Bilezik so'zi neshe morfemalı? 8. -maq//-mek morfının' -baq//-bek, -paq//-pek ... 9. Morf terminin birinshi ret qollang'an ha'm onı da'lillegen alım.

## MORFEMALARDIN' TU'RLERİ

Morfemalar ma'nilik o'zgesheliklerine qaray ekige bo'linedi: 1. Tu'bir morfema. 2. Ko'mekshi morfema.

**Tu'bir morfema** – so'zdin' tu'p leksikalıq ma'nisin an'latıwshı en' baslı bo'legi. Ma'selen, *adamzat, jaqsılıq, aqıllı, oyla* so'zlerinin' tu'bir morfeması – *adam, jaqsı, aqıl, oy.*

So'zdin' tu'biri tu'birles so'zler arqalı anıqlanadı. Demek, ***tu'birles so'zler*** – tu'biri ulıwma ortaq so'zler: *bala* - balalı, balasız, balalıq, balajan, balajanlı, baladay.

Tu'bir morfema jekke so'z bolıp ta, so'zdin' qurılısında da keledi.



**Ko'mekshi morfema (affiksler)** – jeke kelip hesh qanday leksikalıq ma'ni an'lata almaytug'ın, tek tu'bir morfemalarg'a jalg'anıp qosımsha ma'ni an'latıwshı morfema. Ma'selen, *ustazlıq, tabıslı, juwmaqla, aqshalay, balalar, mektebim, anası* so'zlerinde -lıq, -lı, -la, -lay, -lar, -im, -sı – ko'mekshi morfemalar.

Ko'mekshi morfemalar ilimde affiks morfema dep te ju'rgiziledi. Lingvistikada ko'mekshi morfemalar affiks morfema, affiks dep te qollanıladı ha'm onın' bir neshe ko'rinisi bar.

**Affiks** – ko'mekshi morfema. Bul termin latın tilinin' «affikus» so'zinen alınıp, «bekitilgen» degen ma'nini an'latadı. A.Reformatskiydin' pikirinshe, affiksler – grammatikalıq ma'nidegi morfemalar.

Affiksler bir neshe ko'riniste qollanıladı: infiks, interfiks, tsirkumfiks, prefiks, suffiks, postfiks.

***6-shınıg'ıw.*** *Berilgen so'zlerdin' morfemalıq quramın anıqlan' ha'm olardı ma'nilik o'zgesheliklerine qaray tallan'.*

G'a'rezsizlik, kelisiw, studentlerimizdensiz, qaraqalpaqnama, kelin, bo'lsheklew, kelispewshilikke, a'debiyattanıwg'a, duwpiyazlıq, ba'dduwa, almasıq, bahaladı.

***7-shınıg'ıw.*** *Berilgen so'zlerge tu'birles so'zlerdi tabın'.*

U'lgi: bil – bilim, bilimli, bilgish, bilgir, bilimlendir, bilimsiz, bilimlen, bilimlendiriw, bilmes, bilgishlik, bildir, bildiriw, bilis.

**Oq, ar, al, at, as, bol, qal, tal, sat, bas, or, jaz, jat, jol, ayt, bel.**

***8-shınıg'ıw.*** *Berilgen ga'plerdegi so'zlerden affikslerdi ha'm onın' ha'r qıylı ko'rinisindegi qollanılıwın anıqlan' ha'm tu'sindirin'.*

1. Ag'ayinnin' azarı bar da, bezeri joq. 2. Yydegi sawdanı, bazardag'ı nırq buzar. 3. Ag'ayin menen alıstan qatnas. 4. Na'ma'rt atası menen ayqasadı. 5. Sho'lde suwsızlıqtın' azabın shekpegen, u'yde ıssı nannın' qa'dirin ne bilsin. 6. Densawlıq – teren' baylıq. 7. Ken'esip kesken barmaq awırmas.

Tilde affiks termininen basqa affiksoid degen termin de qollanıladı. Affiksler hesh qanday ma'ni an'latpaytug'ın bolsa, al affiksoidlar, ulıwma alg'anda affiks dep esaplawg'a bolmaytug'ın,

geyde o'zinin' leksikalıq ma'nisinde de qollanılatug'ın, ko'binese so'z jasawshı yaki forma jasawshı affiks xızmetinde qollanılatug'ın morfemalar. Ma'selen, *kesh* – qaran'g'ı tu'sip, ımırt jamılıp, gewgim bolg'an waqıt, al salı+*kesh* so'zindegi -*kesh* affiksi arqalı ka'sipke baylanıslı adam an'latılg'an. Demek, birinshi mısaldag'ı kesh o'zinin' leksikalıq ma'nisinde qollanılg'an, al ekinshi so'zdegi -kesh o'zinin' leksikalıq ma'nisin joytıp tek so'z jasawshı affiks xızmetinde qollanılg'an.

**Affiksoid** – o'zinin' tiykarg'ı leksikalıq ma'nisin waqtınsha joytıp, so'z quramında affiks xızmetinde qollanılatug'ın ko'mekshi morfema (affiks so'zinen ha'm -oid suffiksinin' jalg'anıwınan payda bolg'an).

Affiksoid ***so'z jasawshı affiks*** xızmetinde qollanıladı: *nama* – qosıqtın' muzıkası, melodiyası, sazı; *-nama* – atlıq so'zlerge jalg'ansa, hu'jjet atların bildiredi: *sha'rtnama, mira'tnama, wa'siyatnama, mag'lıwmatnama.*

Affiksoid ***forma jasawshı affiks*** xızmetinde qollanıladı: -jan, -bay, -biybi, -gu'l, -xanım, -bergen ha'm t.b. Mısalı: Jumajan, Ko'sherbay, Gu'lbiybi, Tazagu'l, Biybixanım, Qudaybergen, Ulbiy.

***9-shınıg'ıw.*** *Qaraqalpaq tilindegi affiksoidlardı tabın' ha'm mısallar keltirip, talqılan'.*

## KO'MEKSHİ MORFEMALARDIN' TU'RLERİ

Ko'mekshi morfemalardın' so'z quramındag'ı ornına qaray tu'rleri: 1. Suffiks 2. Postfiks 3. Fleksiya

1. ***Suffiks*** – tu'bir morfemag'a tikkeley jalg'anıwshı so'z jasawshı ha'm forma jasawshı affiksler: qaraqalpaq+**sha**, bir+**le**, keshe+**gi**, a'debiyat+**shı**, xızmet+**ker**, kelin+**shek**, to'be+**shik**.

2. ***Postfiks*** – tu'bir morfemag'a so'z o'zgertiwshi affikslerden keyin jalg'anatug'ın so'z jasawshı affiksler. Bunday affiksler xızmetinde ayırım formalar g'ana jumsaladı: -g'ı//-gi, -qı//-ki, -sha//-she. Mısalı: *keleshektegi* so'zinde keleshek – tu'bir morfema, -te – so'z o'zgertiwshi morfema, -gi – so'z jasawshı morfema. Demek, bul so'zde postfiks – *-gi.*



3. ***Fleksiya*** – so'z o'zgertiwshi morfemalar. Olarg'a, tiykarınan, tartım, seplik, bet-san, betlik ha'm ko'plik affiksleri kiredi.

***10-shınıg'ıw.*** *Teksttegi so'zlerden ko'mekshi morfemalardı tawıp, so'z quramındag'ı ornına qaray ajıratın'.*

## Jampıqqala

Xorezm oypatında a'jayıp eki qala qatar jaylasıp, olarg'a Yampuk ha'm Ga'wir degen ag'a-iniler basshılıq etken. Xalqı tınısh, tatıw jasap atırg'an qalag'a Ga'wirdin' ashko'zligi, du'n'yaparazlıg'ı sebepli u'lken qa'wip do'nipti. O'zinin' patshalıq soramın ken'eytiw, baylıg'ın arttırıw maqsetinde Yampuktın' eline ag'ası Ga'wir atlanıs baslaydı. Qaysar patsha Yampuk xalqı menen birlikte o'z qalasın jawlardan ma'rtlik penen qorg'aydı. Qalada qamal baslanadı. Ashlıqtan, suwsızlıqtan awırıwshılıq ko'beyip adamlar qırıla baslaydı. Na'tiyjede, qarsılasıw pa'seyip Ga'wir patsha qorg'andı basıp aladı. Tiri qalg'anlardı qul etip aladı, qalanı jawızlarsha tonaydı. Yampuktın' basın kesip aladı. Bir gezleri go'zzal ma'kan bolg'an bul orın endi qarabaxana qorg'ang'a aylang'an.

(O.Dospanovtın' «Jampıqqala – orta a'sirler esteligi» kitabınan).

***1-interaktiv shınıg'ıw*** – *«Bayterek».*

Sha'rti: 10 tu'bir morfema tan'lap, olar tiykarında tu'birles so'zlerdi tabın'

U'lgi:




***2-interaktiv shınıg'ıw*** – *«Morfemalar shınjırı».*

Sha'rti: ha'r qıylı ren'li qag'azlarg'a – aq ren'lige tu'bir morfemanı, qızıl ren'lige - suffikslerdi, ko'k ren'lige – postfiksti, jasıl ren'lige – fleksiyanı, sarı ren'lige – prefikslerdi jazıp, olardan so'zler quran'.

U'lgi: g'a'rezsizligimizdin'.

| g'a'rez | -siz | -lig | -imiz | -din' |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| (aq) | (qızıl) | (qızıl) | (jasıl) | (jasıl) |

## KO'MEKSHİ MORFEMALARDIN' XIZMETLERİ

Ko'mekshi morfemalardın' bir toparı so'zlerge jalg'anıp leksikalıq ma'ni an'latıwg'a xızmet etse, bir toparı geyde tek g'ana grammatikalıq formalardı jasaydı.

**I. Grammatikalıq emes morfemalar** – jan'a ma'nidegi so'zlerdi jasaytug'ın *so'z jasawshı morfemalar*. Olar arqalı to'mendegi do'rendi so'zler jasaladı:

1) ***do'rendi atlıqlar***: el-shi, o'n-im, ko'rset-pe, as-xana, da'ri-ger, oy-maq, su'yen-ish, tergew-shi, sız-g'ısh, bula-q;

2) ***do'rendi kelbetlikler***: a'zel-iy, ruwx-ıy, awıl-lıq, ser-shil, kewil-shek, gu'z-gi, aqıl-sız, sawat-lı, klass-las, zamana-go'y, is-ker, adam-xor, ilim-iy, al-g'ır;

3) ***do'rendi ra'wishler***: bu'gin-she, qaraqalpaq-sha, jaz-lay, shart-a, qıs-ın, tarp-a, qalsha;

4) ***do'rendi feyiller*** : uyqı-la, ja'rdem-les, o's-ir, jay-na, qoz-g'a.

Grammatikalıq emes morfemalar arqalı leksikalıq ma'ni an'latıwshı so'zler jasaladı, al grammatikalıq morfemalar arqalı leksikalıq ma'ni emes, grammatikalıq ma'ni an'latıladı.

**II. Grammatikalıq morfemalar** – grammatikalıq jaqtan o'zgeretug'ın ha'm ma'nili so'zerdin' ha'rqıylı formaların jasaytug'ın morfemalar. Bul topardag'ı morfemalardın' qatarına so'z o'zgertiwshi ha'm forma jasawshı morfemalar kiredi.

**1. *Forma jasawshı morfema*** – so'zlerge jalg'anıp erkeletiw, hu'rmetlew, kishireytiw, ku'sheyttiriw, arttırıw, kemeytiw ha'm



t.b. grammatikalıq ma'ni bildiriwshi morfemalar. Olardın' qatarına to'mendegiler kiredi:

1) ***ko'plik forması*: -lar//-ler**: oqıwshılar, komp'yuterler;

2) ***atlıqtın' erkeletiw ha'm kishireytiw formaları***: kitap-sha, dorba-sha, bel-she, maydan-sha, quda-sha, o'giz-she, to'be-shik, tayın-shaq, qız-alaq, tay-laq, qoshan-tay, jen'ge-y, apa-jan;

3) ***kelbetliktin' da'reje formaları***: qız-g'ısh, ko'g-is, ko'g-ildir, sarı-law, qara-ltım, qız-g'ıltım, ag'-ıraq;

4) ***ra'wishtin' da'reje formaları***: kesh-lew, ko'b-irek, ep-erte ha'm t.b;

5) ***sanlıqtın' formaları***: bes-inshi, alt-ınshı, jigirma-lanshı, jet-ew, on-lag'an, alt-aw, on-lap, ju'z-lep, bir-lep ha'm t.b.

6) ***feyil formaları***:

a) ***bolımsız formaları***: -ma//-me, -ba//-be, -pa//-pe;

b) ***meyil formaları***: -ayın//-eyin, -ayıq//-eyik, -g'ay//-gey, -g'ı//gi, -sa//-se, -maqshı//-mekshi;

v) ***da'reje formaları***: -ın//-in, -ıl//-il, -ıs//-is, -dır//-dir, -qız//-kiz, -ıt//-it, -set, -dar, -qar//-ker, -qır//-kir, -ar//-er, -ır//-ir;

g) ***tu'r formaları***: -la//-le, -ala, -ıstır//-istir, -g'ıla//-gile, -g'ıshla//-gishle, -mala//-mele, -ın'qıra//-in'kire, -ımsıra//-imsire;

d) ***kelbetlik feyil formaları***: –g'an//-gen, -ar//-er, -tug'ın, -mas//-mes, -(a, -e) jaq, (-ı//-i) -wshı//-wshi, (-ı/i) -wlı//-wli;

e) ***ha'reket atı formaları***: -ıw//-iw, -w, -maq//-mek, -maslıq//-meslik, -jaqlıq, -g'ı//-gi, -ıs//-is, -s, -g'anlıq//-genlik, -tug'ınlıq, -arlıq//-erlik, -mag'a//-mege, -arg'a//-erge, -masqa//-meske, -ıwg'a//-iwge, -wg'a//-wge;

j) ***hal feyil formaları***: –ıp//-ip, -p, -a, -e, -y, -may//-mey, -g'alı//-geli, -g'ansha//-genshe, -mastan//-mesten, -g'anday//-gendey, -tug'ınday, -mastay//-mestey, -g'anlıqtan//-genlikten, -g'anda//-gende, -g'annan//-gennen;

z) ***eliklewish formaları***: -ır, -g'ır, -gir.

**2. So'z o'zgertiwshi morfemalar** – sintaksislik formalar, yag'nıy jalg'ang'an so'zin basqa so'zler menen baylanıstıratug'ın morfema. Bularg'a seplik, tartım, betlik, geyde, ko'plik jalg'awları kiredi.

| Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde morfemalardın' ornalasıw ta'rtibi | | | |
|---|---|---|---|
| **Tu'bir morfema** (biy, na, na' elementlerisi | **So'z jasawshı** yamasa leksikalıq ma'ni bildiriwshi morfema | **Forma jasawshı morfema** | **So'z o'zgertiwshi morfemalar** |

So'z o'zgertiwshi morfemalardın' orın ta'rtibi

| Ko'plik | tartım | seplik | betlik |
|---|---|---|---|

U'lgi: *balıqshılarımızdın'* so'zinin' qurılısı balıq+shı+lar+ımız+dın' bolıp, yag'nıy tu'bir morfema + so'z jasawshı + forma jasawshı + so'z o'zgertiwshi + so'z o'zgertiwshi morfemalardan turadı.

***14-shınıg'ıw.*** *Berilgen so'zlerdi morfemalardın' ornalasıw ta'rtibi boyınsha ajıratın' ha'm tu'sindirip berin'.*

Atqosshısınan, bayqamawshılıqtın', biymezgilde, suwg'arıwshı, uyalın'qırawları, sharwashılıqta, so'ylemsheklerin', so'zliklerdegi, da'lizdegilerdi, erinsheklerden, baqanshaqtay, salamatlıqtın', jabayılarsha, kewilsizliklerdin', sizlerdeylerge.

***1-interaktiv shınıg'ıw*** *– «Sheshiw teregi»*

Sha'rti: berilgen mısallardag'ı grammatikalıq morfemalardı bir bo'lek, grammatikalıq emes morfemalardı bir bo'lek jazıp kesteni toltırın'.

1. Aq sawıttın' jag'ası bar, jen'i joq, jaqsı adamnın' ashıwı bar, kegi joq. 2. Ata-ana balag'a taxt beriwi mu'mkin, biraq baxıt bere almaydı. Baxtın balanın' o'zi tabıwı kerek. Qız balanın' baxtı – sabır-taqatta. 3. Kewilshektin' atı aralas. 4. Ylkenler ko'regen boladı. 5. Er adam ushın en' jaqsı lipas – shiyrin so'zlilik, hayal ushın en' jaqsı kiyim – ashıq ju'zlilik. 6. Ysh na'rse u'sh tu'rli adamda bolmaydı: doslıq – ezbede, miyrim-sha'pa'a't – ashıwshaqta, hadallıq – ashko'zde.

**U'lgi:** Til tınısh bolsa, kewilde o'kinish bolmaydı.



| Grammatikalıq emes morfemalar | Grammatikalıq morfemalar |
|---|---|
| tın+ish, o'kin+ish, | bol+sa, kewil+de, bol+may+dı |

***2-interaktiv shınıg'ıw*** *– «Morfemalar ka'rwanı»*

Sha'rti: Ba'ha'r ma'wsimi haqqında tekst du'zin' (10 ga'p). Ondag'ı so'zlerdegi morfemalardı berilgen u'lgi boyınsha birme-bir morfemalardın' xızmetine qaray tu'rlerine ajıratın'.

U'lkemizge ba'ha'r kirip keliwi menen na'restenin' ju'zin aymalag'an ananın' na'zik qolları kibi jag'ımlı samal elpip esip insan kewlindegi go'zzallıqqa bolg'an muhabbattın' oyanıwına tu'rtki bermekte.

U'lkemizge → [үлке] + [миз] [ге]

tu'bir morfema + so'z o'zgertiwshi + so'z o'zgertiwshi

## MORFEMALAR ARASINDAG'I QATNASLAR

Tilde so'zler ma'niles, ma'nileri qarama-qarsı yaki forması birdey, biraq an'latatug'ın ma'nileri basqa bolıp qollanıladı. Morfemalar da usınday o'zgesheliklerge iye. Sonlıqtan, morfemalardın' o'zara struktura-semantikalıq qatnasları III tipte boladı: 1. Morfemalıq omonimiya. 2. Morfemalıq sinonimiya. 3. Morfemalıq antonimiya.

Usı atalg'an qubılıslardın' na'tiyjesinde to'mendegiler payda boladı:

1. **Morfemalıq omonimiya** – birdey seslik du'ziliske iye, ma'nisi ha'm xızmeti jag'ınan ha'r tu'rli morfemalardı payda etetug'ın qubılıs. Bul tilde ommorfemalar dep te ataladı. Mısalı:

***-ıq//-ik:***

1. Atlıq jasawshı morfema: bıj+ıq, tes+ik, kes+ik.
2. Feyil jasawshı morfema: jol+ıq, zor+ıq, bir+ik.

3. Kelbetlik jasawshı morfema: ku'y+ik, jet+ik.

Qaraqalpaq tilinde geypara morfemalar sırtqı forması birdey bolg'anı menen bir neshe ma'nide qollanıladı: Ma'selen,

*-sız//-siz morfeması:*

1. Kelbetlik jasawshı morfema: ha'l+siz, aqıl+sız, pa'tiwa+sız.
2. So'z o'zgertiwshi morfema: ana+sız, kele+siz, aytar+sız.

*-ım morfeması:*

1. Atlıqtın' forma jasawshı morfeması: shıraq+ım, qaraq+ım.
2. Atlıqtın' so'z o'zgertiwshi morfeması: kitab+ım.
3. Kelbetlik jasawshı morfema: shaqır+ım (jer), tar+tım (oramal), as+ım (go'sh).

Demek, bir morfema omonimlik xarakterge iye bolıp, olar so'z jasawshı, so'z o'zgertiwshi, sonday-aq forma jasawshı morfema xızmetinde de qollana aladı. Usı o'zgesheligine qaray **omonim morfemalar** to'mendegishe tiplerde u'yreniledi:

***I. So'z jasawshı ha'm so'z jasawshı:***

**-qın:** 1. Atlıq jasawshı morfema: tut+qın, qash+qın.
2. Kelbetlik jasawshı morfema: sat+qın.

***II. So'z jasawshı ha'm forma jasawshı:***

**-shıl:** 1. Kelbetliktin' pa'seytiw da'reje forması: aq+shıl.
2. Kelbetlik jasawshı morfema: oy+shıl, gu'man+shıl.

***III. So'z jasawshı ha'm so'z o'zgertiwshi:***

**-im:** 1. Atlıq jasawshı morfema: bil+im, il+im, tu's+im.
2. So'z o'zgertiwshi morfema: el+im, jer+im, da'pter+im.

***IV. Forma jasawshı ha'm so'z o'zgertiwshi:***

**-san':** 1. Feyildin' buyrıq meyil forması: bar+san', qal+san'.
2. Atlıqtın' betlik jalg'awı: bala+san', ana+san'.

***V. Forma jasawshı ha'm forma jasawshı:***

**-shaq:** 1. Atlıqtın' kishireytiw forması: tayın+shaq.
2. Atlıqtın' erkeletiw forması: qulın+shaq.



***VI. So'z o'zgertiwshi ha'm so'z o'zgertiwshi:***

**-sı:** 1. Tartımnın' III bet jalg'awı: ana+sı, oqıwshı+sı.
2. San ma'nisin bildiredi: qala+sı.

***15-shınıg'ıw.*** *Berilgen morfemalardın' omonimlik qatarların anıqlan'.*

-man, -dıq, -baq, -stan, -be, -dar, -shıq, -ta, -ma, -me, -g'ay.

***16-shınıg'ıw.*** *Berilgen kestege omonim morfemalardı jaylastırın'. U'lgide berilgen keste boyınsha basqa omonim morfemalardı tallan'.*

| | So'z jasawshı morfemalar | So'z o'zgertiwshi morfemalar | Forma jasawshı morfemalar |
|---|---|---|---|
| So'z jasawshı morfemalar | -dar | -na//-ne | -la//-le; -dar |
| So'z o'zgertiwshi morfemalar | | | |
| Forma jasawshı morfema | | | |

**2. Morfemalıq sinonimiya** – seslik du'zilisi ha'r qıylı, ma'nileri birdey yaki jaqın bolg'an morfemalardı payda etetug'ın qubılıs. Mısalı: bilgir – bilgish. Bul so'zler sinonim so'zler, al ondag'ı morfemalar da sinonim: -gir ~ -gish. Tiykarınan, birdey xızmettegi morfemalar o'z ara sinonim bola aladı: xızmet+shi (atlıq jasawshı); xızmet+ker (atlıq jasawshı).

So'z jasawshı, forma jasawshı ha'm so'z o'zgertiwshi morfemalar da sinonim morrfemalar bola aladı:

**1. So'z jasawshı sinonim morfemalar.**

1) atlıq jasawshı sinonim morfemalar: sebepshi, sebepker (-shi ~ -ker), xızmetshi, xızmetker (-shi ~ -ker); ;

2) kelbetlik jasawshı sinonim morfemalar: ayıplı; ayıpker (-lı ~ -ker), aqılsız; biyaqıl (-sız ~ biy), tebegen; tebewik (-egen ~ ewik), tanımalı; tanıg'ısh (-malı ~ -g'ısh).

**2. Forma jasawshı sinonim morfemalar.**

1) atlıqtın' sub'ektiv baha formaları:

apay; apajan (-y ~ -jan);

2) kelbetliktin' da'reje formaları:

ag'ıraq; aqlaw (-raq ~ -law);

3) ra'wishtin' da'reje formaları:

ko'birek; ko'plew (-irek ~ -lew);

4) kelbetlik feyil - hal feyil:

baratug'ın jer – barajaq jer, kelejaq – kelmekshi, barıp - bara, kelgeli - kelgennen, almaqta - alıwda, barmaq kerek - barıw kerek.

**3. So'z o'zgertiwshi sinonim morfemalar.**

Paxtag'a – paxtada, kolxozdın' baslıg'ı – kolxozg'a baslıq, adamlardın' biri - adamlardan biri, kitaptı oqıdım – kitaptan oqıdım.

***17-shınıg'ıw.*** *Sinonim morfemalı so'zlerden ga'pler quran'.*

**18-shınıg'ıw.** Berilgen so'zlerge sinonim bola alatug'ın morfemalardı jalg'ap ga'p quran'.

**Sebep, erin, urıs, al, gu'na, ayt.**

**3. Morfemalıq antonimiya** – an'latqan ma'nisi biri-birine qarama-qarsı bolatug'ın morfemalardı payda etetug'ın qubılıs. Mısalı: belgili – belgisiz, bazarg'a bardım – bazardan qayttım.

***19-shınıg'ıw.*** *Sinonim ha'm antonim bolatug'ın morfemalardı keltirip ga'p quran'.*

***1-interaktiv shınıg'ıw – «Ayqulaq».***

**Esletpe**: ayqulaqtın' ra'n'-ba'ren'ligi sıyaqlı morfemalar da ha'rqıylı struktura-semantikalıq qatnaslarda qollanıladı. Bul usıl sinonim morfemalardı, omonim morfemalardı, antonim morfemalardı u'yrengende de qollanılsa boladı.



**Sha'rti:** omonim ha'm sinonim bolatug'ın morfemalardı tabın' ha'm izbe-iz tu'sindirin'.

**1-u'lgi:** berilgen morfemanın' omonimlik sın'arların anıqlan' ha'm talqılan'.

***-shıl//-shil:***

1. Kelbetlik jasawshı morfema: oy+shıl, ku'n+shil.
2. Kelbetliktin' pa'seytiw da'rejesi: aq+shıl, ko'k+shil.

**2-u'lgi:** berilgen morfemalardın' sinonimlik sın'arların anıqlan' ha'm talqılan'.

**-ıraq ~ -law:** azıraq – azlaw.

**-shi ~ -ker:** sebepshi – sebepker.

**-ıwshı ~ -a-jaq:** barıwshı – bar-a-jaq.

**3-u'lgi:** berilgen morfemanın' antonimlik sın'arın anıqlan' ha'm tu'sindirin'.

**-lı ~ -sız:** aqıllı – aqılsız,

**-lı ~ -biy:** gu'nalı – biygu'na.

***2-interaktiv shınıg'ıw.*** Berilgen morfemalardın' omonimlik sın'arların anıqlan'.

-qısh, -g'ı//-gi, -ıs//-is, -dıq, -ıw//-iw, -w, -na//-ne, -ma//-me, -la//-le, -sa//-se, -an', -en', -shaq//-shek, -qar//-ker, -ger, -ıl//-il, -l, -q, -k.

## SO'ZDİN' TİYKARI

**So'zdin' tiykarı** – so'zdin' tiykarg'ı leksikalıq ma'nisin bildiriwshi bo'legi. Mısalı: balalıqta so'zindegi tiykarg'ı ma'ni bildiriwshi bo'lek – balalıq.

Tiykarınan, so'zdin' tiykarın anıqlaw ushın onın' so'z o'zgertiwshi morfemaları alıp taslanadı, onnan qalg'anı sol so'zdin' tiykarı boladı. Ma'selen, Qaraqalpaq – baqsı xalıq, dalanın' bu'lbu'l jırshısı degen ga'ptegi so'zlerdin' tiykarı – qaraqalpaq, baqsı, xalıq, dala, bu'lbu'l, jırshı.

Qaraqalpaq tilinde tiykar xızmetin tu'bir so'zler, do'rendi so'zler ha'm qospa so'zler atqaradı: Watan – muqaddes. Eki so'z de tu'bir so'zden bolg'an tiykar. Al, baqsıshılıqtın', ata-anag'a, sabaq kestesinde, alıp berdi degen so'zlerdegi tiykarlar – baqsıshılıq, ata-ana, sabaq kestesi, alıp ber. Bul tiykarlar qospa so'zlerden ha'm do'rendi so'zlerden bolg'an.

Tiykar morfemalıq quramına qaray:

| Do'rendi emes tiykarlar | | Do'rendi tiykarlar | |
|---|---|---|---|
| Erkin tiykar | G'a'rezli tiykar | Jay tiykar | Qospa tiykar |
| kitap-qa<br>kitap-tı | a'deb-iy<br>a'deb-iyat | bala-lıq<br>jaz-ıwshı | el-xalqın<br>NMPI de<br>qoljazba-nı |

1. ***Do'rendi emes tiykarlar*** – quramında hesh qanday so'z jasawshı, forma jasawshı affikslerdi qabıl etpegen, bir pu'tin tu'sinikti bildiretug'ın tiykar: insan-nın', jıl-lar, el-im, hu'jdan-ına ha'm t.b.

**1) erkin tiykar** – tu'bir halında qollanılıp, bo'lek turıp ta, quramında kelip te qollanılatug'ın bo'lek: aqıl – aqıl-dı, aqıl-ım;

**2) g'a'rezli tiykar** – bo'lek qollanılmay, tek do'rendi tu'bir quramında keliwshi bo'lek: ma'den-iy, ma'den-iyat, zimi-stan.

2. ***Do'rendi tiykar*** – quramında so'z jasawshı ha'm forma jasawshı morfeması bar tiykar: bas – baslıq, basqarma, baspana, baslama.

1) **Jay tiykar** – tek bir tu'bir morfemag'a iye bolg'an tiykar: tap-qısh, sawda-ger, shıpa-ker;

2) **Qospa tiykar** – eki yamasa onnan da ko'p tu'bir morfemalardan quralg'an tiykar: atqulaq-tan, dos-yaran-dı, QMUdın'.

Tiykarlar, do'rendi bolıp ta, do'rendi emes bolıp ta keliwi mu'mkin, bunnan tısqarı olar do'retiwshi de bolıp keledi.

***Do'retiwshi tiykar*** – jan'adan jasalg'an do'rendi so'zdin' tiykarı: kitapxanashılıq so'zinin' do'retiwshi tiykarı – kitapxanashı, kitapxanashı so'zinin' do'retiwshi tiykarı – kitapxana, kitapxana so'zinin' do'retiwshi tiykarı – kitap. Do'retiwshi tiykardın' do'rendi tiykarg'a qarag'anda bir morfeması kem boladı.



| Do'rendi tiykar | Do'retiwshi tiykar |
|---|---|
| balıqshılıq<br>o'zinshelik<br>so'zshen'<br>jawıngershilik<br>mazmunlı<br>atqosshılıq | balıqshı<br>o'zinshe<br>so'z<br>jawınger<br>mazmun<br>atqosshı |

***20-shınıg'ıw.*** *Berilgen ga'ptegi so'zlerdin' tu'bir ha'm tiykarın anıqlan' ha'm tu'sindirin'.*

1. A'yyemgi zamanda bir shopannın' basına da'wlet qusı qonıp patsha bolg'an eken. Ol taxtqa otırarda usı halg'a deyin qanday jag'dayda jasag'anın umıtıp asqınlamawı ushın topanlıqta ayaqlarına orag'an jaman shorıg'ın, jırtıq soppasın, mal aydag'an qıysıq tayag'ın, burıng'ı zulım patshanı jen'gen qılıshın man'lay aldına qıstırıp qoyıptı (a'psana).

2. Men doslarımnan qorıqpayman: olar meni hesh waqıtta satıp ketpeydi, dushpanım da qorqınıshlı emes, olar uwıtın tapsa meni o'ltiredi, en' qorqınıshlısı – kisi ta'g'dirine biypa'rwalar, olardın' qashan ne qılatug'ının biliw – qıyın. Biypa'rwalardın' en' qa'wipli jag'ı – sol, olar an'sat g'ana dushpanın'a aylanadı (T.Qayıpbergenov).

***21-shınıg'ıw.*** *Mısallardag'ı do'rendi emes (erkin, g'a'rezli), do'rendi (jay, qospa) ha'm do'retiwshi tiykarlardı anıqlan'.*

1. Qazanshının' erki bar, qaydan qulaq shıg'arsa (naqıl). 2. Adamnın' basına ha'r qıylı waqıyalar gezlesedi: qayg'ı da, quwanısh ta boladı. Qattı qayg'ırıwg'a da, birden qattı quwanıwg'a da bolmaydı. Barlıg'ına da shıdamlılıq, aqıl-parasatlılıq kerek (X.T.).

3. Jeti atası ko'rgensiz,
Qızg'anshaq, peyli tar bolar,

Hadal uldın' belgisi,
Atag'a qa'wender bolar.
Jantasıp ketsen' jamang'a,
Basın'a ja'njel, daw bolar.
Hasıl tastın' ishinde,
En' ag'lası bir bolar,
Jaqsı adamnın' ju'zinde,
Bir a'jayıp nur bolar (terme).

***22-shınıg'ıw.*** *Berilgen so'zlerge so'z jasawshı morfemalardı jalg'ap do'rendi tiykarlar jasan'.*

Sal, al, kel, kem, ayt, qal, tap, jaz, ash, oqı, az, o'z, bil, bir, so'z, et, tu'sin, et, saz, bul, bo'l, ko'r.

***23-shınıg'ıw.*** *Berilgen so'zler arqalı do'rendi tiykarlı so'zlerdi jasan'.*

Adam, saw, du'n'ya, o'mir, sez, talap, tal, er.

***24-shınıg'ıw.*** *Berilgen do'rendi so'zlerdin' do'retiwshi tiykarların anıqlan'.*

Diyqanshılıq, ma'limlilik, izertlewshi, amanshılıq, giriptarlıq, qa'wipsizlendiriw, o'jetsiniw, qollanılıwında, dorbasha, tartınshaqlıq, bag'darlawshı, ga'zzapshılıq, ma'kkarshılıq, o'kindiriw, o'zgerissiz,

***1-interaktiv shınıg'ıw*** *– «Gu'zar jol»*

**Sha'rti:** tu'bir morfema bola alatug'ın 20 morfema tan'lan' ha'm onnan do'rendi so'zler jasan'.

**U'lgi:**






***2-interaktiv shınıg'ıw*** *– «Do'retiwshi so'zler»*

**Sha'rti:** kestenin' ortasındag'ıg'a tiyisli morfemalardı qoyıp shıqsan'ız, jan'a ma'nili so'zler kelip shıg'adı.

| | | |
|---|---|---|
| jar | | me |
| o'z | | sız |
| o'kin | | lıq |
| maqta | | paz |
| ruwx | | go'y |
| sa'lem | | lik |
| tın | | ish |
| qa'ha'r | | she |
| qıdır | | li |
| ju'z | | lıq |

## SO'ZLERDİN' MORFEMALIQ QURILISINDAG'I TARİYXIY O'ZGERİSLER

Tildin' tariyxıy rawajlanıwında so'zler ha'r qıylı sebeplerge baylanıslı so'zlerdin' morfemalıq qurılısında ha'r tu'rli o'zgerisler boladı.

***1. Sin'isiw*** – so'zlerdin' quramındag'ı so'z jasawshı morfemanın' pu'tkilley tu'bir quramına o'tip a'piwayı tu'birge aylanıw qubılısı.

Ma'selen, ko'z so'zinin' da'slepki tu'biri ko' bolg'an, al balıq so'zinin' da'slepki tu'biri bal bolg'an. Demek, bundag'ı ***ko', bal*** – **tariyxıy tu'birler**.

**Ko'z** so'zindegi ***-z*** burın so'z jasawshı morfema bolıp qollanılg'an, waqıttın' o'tiwi menen sin'isip bir jan'a tu'birge aylang'an. ***-z*** forma jasawshı, sandı bildiriwshi morfema bolıp qollanılg'an, ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde bolsa onın' ornına -lar//-ler forması qollanıladı.

**Balıq** so'zinin' morfemalıq qurılısı 2 bo'lekten turadı: bal+ıq. Bal so'zi, tiykarınan, arab-parsı tilinen alınıp «kishkene ha'wiz» degen ma'nini an'latqan, -ıq – so'z jasawshı morfema.

Ko'z, balıq so'zlerin morfemalarg'a ajıratqanda **ko', bal** bul so'zlerdin' tu'bir morfemaları bola almaydı, sebebi olar sin'isip jan'a ma'ni an'latqan. Bul qubılıs, a'sirese, birikken so'zlerde ko'birek ushırasadı.

**2. *Jılısıw*** – so'z quramındag'ı morfemalardın' ajıralıw shegarası o'zgeriske ushırap, ondag'ı birinshi morfemanın' ayırım elementinin' ekinshi morfemag'a o'tiw qubılısı.

Ma'selen, ol+ar → o-lar, qast+ı → qas+tı. Mısallardag'ı l, t sesleri tu'bir morfemag'a tiyisli bolıp, jılısıw arqalı ha'zirgi waqıtta affiks morfema dep qaraladı.

**3. *Dekorrelyatsiya*** – so'zdegi morfemalardın' sanı, qatar ta'rtibi ha'm ajıralıw uqıplılıqlarının' o'zgermey-aq onın' ma'nisinin' o'zgeriw qubılısı.

Ma'selen, *ilajsızdan, zordan, bastan* ha'm t.b. Bul so'zlerdin' quramında -dan, -tan – so'z o'zgertiwshi morfemalar bolıp, olar jan'a so'z jasap turg'an joq, biraq bul morfemalar dekorrelyatsiya qubılısı na'tiyjesinde so'z jasawshı morfema ma'nisine o'tken.

***25-shınıg'ıw.** So'zlerdegi sin'isiw na'tiyjesinde tu'birge qosılıp ketken ko'mekshi morfemalardın' ma'nilerin anıqlan'.*

Qapla, awırıw, jayıw – jazıw, jasıl – jasarıw, uzatıw – uzayıw.

***26-shınıg'ıw.** Jılısıw, dekorrelyatsiya qubılısı arqalı tariyxıy o'zgeriske ushırag'an so'zlerdi tabın' ha'm tu'sindirin'.*

***26-shınıg'ıw.** Berilgen so'zlerdi morfemalarg'a ajıratın'.*
***U'lgi:*** o'skin (o'sik+in), erkin (erk+in), keskin (kes+kin), qızg'ın (qız+g'ın), jetkinshek (jetik+in+shek), jetik (jet+ik)

Miyman, oramal, na'ka's, respublika, jag'ımlı, barg'ısı, aldın, jıldam, ılg'ar, jelin, qawın, terek, sırga, qabırg'a, eshki, ko'pir, turmıs, o'tmish, sho'mish, bolmıs, ju'rek, pıshqı, jamg'ır, ko'mpek, qashqın, azg'ın, qıyın, jasırın, ag'ın, erkli ha'm t.b.



## MORFEMALIQ TALLAW TA'RTİBİ

1. So'zdin' tu'bir morfemasın anıqlan'. Tu'birles so'zdi tabın'.
2. Ko'mekshi morfemanı ajıratın'.
1) Xızmetine qaray qaysı morfema ekenligin anıqlan': a) so'z jasawshı morfema; v) so'z o'zgertiwshi morfema; s) forma jasawshı morfema.
2) qollanılıwna qaray qaysı morfema ekenligin anıqlan': a) suffiks; v) postfiks; s) fleksiya.
3. So'zdin' tiykarın ajıratıp onın' do'rendi, do'rendi emes, do'retiwshi, do'retiwshi emes, dara ha'm qospa tiykar ekenligin anıqlan'.
4. So'zde tariyxıy o'zgeris bolsa, tu'sindirin'.

**U'lgi:** g'a'rezsizligimizdin'.
1. g'a'rez – tu'bir morfema. Tu'birles so'zler – g'a'rezli, g'a'rezsiz.
2. -siz, -lik, -imiz, -din' 5 morfemalı so'z.
1) a) -siz, -lik – so'z jasawshı morfema
v) -imiz, -din' – so'z o'zgertiwshi morfema.
2) a) -siz, -lik – suffiks
v) -imiz, -din' – fleksiya.
3. tiykarı – g'a'rezsizlik, do'rendi, jay tiykar; do'retiwshi tiykarı – g'a'rezsiz.
4. -lik morfeması (morftın' variantı) quramındag'ı -k sesi dawıslıdan baslang'an tartım affiksi jalg'ang'annan son' «g» sesine aylang'an.

***27-shınıg'ıw.** Morfemalıq tallaw islen'.*

### G'arg'ısı biykar ketpegen hayal

Qudaydan sorap alg'an jalg'ız balası bar hayal balasına ashıwlansa, birinshi aytar so'zi «jer jutqır», «jer tartqır» dep g'arg'aydı eken. Balası o'zgeden tayaq jep jılasa da, oynap ju'rip jıg'ılıp qalsa da hayal g'arg'ısın qaytalay beripti.

Bir ku'ni balası oynap ju'rip su'rnigip jıg'ılıptı. Hayal bolsa u'yrengen a'deti boyınsha «jer tartqır» degen eken, jer jarılıp, bala jerge dizeden ko'milipti. Hayal qorqıp ketip, juwırıp kelip balasın tartsa, jer onnan sayın balanı juta baslaptı. Bala shırıldap jılay beripti. Bul waqıyadan xabar tapqan qon'sı-qobalar jıynalısıp qalıptı. Jerdi qazıp balanı alayın dese, jer tastay bolıp, hesh bir qural jerge o'tpepti. Jer balanı tartıwın dawam etipti. Sonnan palkerler, ta'wip, mollalar shaqırtılıptı, olardın' da qollarınan hesh na'rse kelmepti. Sonda xalıqtın' arasınan ko'pti ko'rgen bir qariya shıg'ıp bılay depti:

– Balan' aman-saw gezinde qudayın'dı umıtıp «jer tartqır» dep g'arg'aydı ekensen'. Quday sol g'arg'ısın'dı qabıl alıp, endi balan'dı jer tartıp baratır. Balam qıynalmasın desen', sol g'arg'ısın'dı qaytala, bolmasa balan'dı jer a'ste bawırına qısıp, tartıp qattı qıynaydı, – deydi.

Hayal perzentin qıymay, qansha aytpayın dese de, balanın' dem jetpey qıynalıp, ko'zi qanasınan shıg'ıp baratırg'anın ko'rip, ilajsızdan «jer tartqır» deydi. Burın og'an bul so'zdi aytıw an'sat bolsa, ha'zir ol qattı qıynaldı. Hayal so'zdi aytıw menen jer jarılıp, bala ishine tu'sip ketedi, son' jer qaytadan jawılıp qaladı. Hayal bolsa, esinen ayrılıp qulaydı.

Demek, kimnin' awzında qanday so'z bolsa, quday sonı qabıl etedi. Sol ushın adamlar ba'rha' bir-birine jıllı so'ylewi lazım. «Jaqsı so'zdin' o'zi jarım ırıs», «Jaqsı so'z – jan azıg'ı» degen ga'ptin' ma'nisi de usında (an'ız).

***28-shınıg'ıw.** Morfemalıq tallaw islen'.*

### Diyqannın' ba'ha'ri ...

Ba'ha'r keldi! Ana – ta'biyat a'ste janlanıp, kewillerdi bolsa a'lle qashan ba'ha'riy shadlıq iyelep aldı.

Ba'ha'r ... Ol en' a'wele insan qa'lbinen baslanadı, senin' ila'hiy sezim tarların'a qozg'aw salıp, a'lemge muhabbet nurların shashadı.

Jıllı, jag'ımlı ba'ha'riy na'pes u'pirip qara ızg'ar jerge shım-shım sin'edi de ol ana topıraqtı balqıtıp atadı, al boyına na'da'wir



ıg'al toplag'an jazlıq biydaylar bolsa, ken' dalanı misli ko'klemzarlıqqa bo'lep ko'rgen ko'zdi quwandıradı. A'zeliy baba diyqan nıshlı belin saylap, belin bekkem buwadı, jaqsı niyet penen ha'wli-ha'rem, atız-maydanların aralaydı.

Ba'ha'r – bayramlar pasılı. Ulıwma xalıqlıq bayramlar bolsa, miynet bayramına ulasadı. Jerge tuqım sewilip egis jumısları qızg'ın pa't aladı. Diyqannın' ba'ha'ri bıyıl on'ınan kelse, altın gu'zde telegi da'nge toladı, demek.

***29-shınıg'ıw.** Morfemalıq tallaw islen'.*

### Qumay qus haqqında an'ız

«Avesto»dag'ı Senemurg qus haqqında oqıp otırıp, O'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasının' gerbindegi Qumay qus biykardan-biykarg'a ma'mleketlik nıshan bolıp qa'lipleskenligine ko'zin' jetkendey boladı. Sebebi, «Avesto»da so'z etilgen bul Senemurg-Semurg-Suymırıq qus xalıqtın' jaqsı a'rmanlarının' simvolı bolıwı jag'ınan tu'rkiy xalıqlar tu'sinigindeg i Qumay qusqa –

Baxıt qusına ju'da' jaqın keledi. Bul pikirdi usı xalıqlardın' an'ız-a'psanalarında bul quslarg'a berilgen sıpatlamalar tolıq da'lillep turadı.

Semurg o'zbek xalıq ertek ha'm a'psanalarında qaharmannın' miyirban dostı, onı «jeti qaran'g'ılıq ishinen» alıp shıg'ıwshı qus sıpatında ko'rsetiledi. Tu'rkiy xalıqlar ortasında Semurgtın' Qumay, Anka, Da'wlet qusı, Murqumama, Kungubulgan, Bu'lbilgo'ya ha'm basqa da variantları bar.

***30-shınıg'ıw.** Morfemalıq tallaw islen'.*

### Maman biydin' danalıg'ı

Maman biy o'z zamanının' ju'da' aqıllı adamı bolg'an. Onnan danalıq so'zlerdi esitip turıwdı adamlar a'rman etedi eken.

Medrese saldırıp atırg'an bir baydın' awılına kiyatırg'an Maman biy esitiwden kelmey, qaytıp ketkende, bay izinen barıp, ne ushın kelmey ketkenliginin' sebebin soraydı. Sonda Maman biy qasındag'ı eki joldasının' ıqtıyarına qaratpay alıp ketkenligin aytqanda, bay bunın' ma'nisin tu'sinbeydi. Sizin' qasın'ızdag'ı eki joldasın'ız ko'rinbeydi g'oy, - dep isenbeslik bildiredi. Sonda Maman biy qasındag'ı «g'arrılıq» penen «jarlılıq» degen eki joldasının' ma'selelerin aytıp tu'sindirgende, ne derin bilmey, so'zden jen'ilgen bay u'yine qaytıp ketedi. Bunda Maman biy «so'z tapqang'a sharam joq» degendey, joq jerden da'lilli so'z tawıp, isenip, o'kpelep kiyatırg'an baydan biyma'lel qutılg'an.

(Qaraqalpaq xalıq a'psanası)

### *Morfemalıq tallaw ushın u'lgiler:*

Baxıtlı waqtın'da o'lshemdi bil, baxıtsızlıqta isenimdi joytpa (bashqurt maqalı).

baxıtlı

1. Tu'bir morfema – baxıt
   tu'birles so'zler – baxıtlı, baxıtsız, baxıtlılıq.
2. –lı
   1) so'z jasawshı morfema – -lı; kelbetlik jasawshı morfema.
   2) –lı; suffiks
3. So'zdin' tiykarı – baxıtlı; do'rendi tiykar, do'retiwshi tiykarı – baxıt
4. So'zde tariyxıy o'zgeris joq.

waqtın'da

1. Tu'bir morfema – waqıt
2. -ın', -da
   1) so'z o'zgertiwshi morfemalar –ın';
   - birlik sandag'ı II bet tartım jalg'awı;
   2) -ın' – fleksiya, -da – fleksiya.
3. So'zdin' tiykarı – waqıt



4. So'zdin' tu'biri – waqıt so'zinde -ı sesi juwan dawıslıdan baslang'an qosımta jalg'anıp tu'sip qalg'an.

o'lshemdi

1. Tu'bir morfema – o'lshe
2. –m, -di
   1) –m - so'z jasawshı morfema; atlıq jasawshı morfema
   -di - so'z o'zgertiwshi morfema; tabıs sepliginin' jalg'awı.
   2) –m - suffiks, –di - fleksiya
3. So'zdin' tiykarı – o'lshem, do'rendi tiykar; do'retiwshi tiykarı - o'lshe
4. Tariyxıy o'zgeris joq.

baxıtsızlıqta

1. Tu'bir morfema – baxıt
2. –sız, -lıq, -ta
   1) so'z jasawshı morfemalar: –sız - kelbetlik jasawshı morfema; –lıq - atlıq jasawshı morfema;
   so'z o'zgertiwshi morfema: –ta – orın sepliginin' jalg'awı
   2) –sız – suffiks; –lıq – suffiks; -ta - fleksiya.
3. So'zdin' tiykarı – baxıtsızlıq; do'rendi tiykar, do'retiwshi tiykarı – baxıtsız.
4. Tariyxıy o'zgeris joq.

isenimdi

1. Tu'bir morfema – isen
2. –im, -di
   1) so'z jasawshı morfema - –im; atlıq jasawshı morfema so'z o'zgertiwshi morfema - –di; tabıs sepliginin' jalg'awı
   2) –im; suffiks, –di; fleksiya.
3. So'zdin' tiykarı – isenim; do'rendi tiykar, do'retiwshi tiykarı – isen.
4. Tariyxıy o'zgeris joq.

joytpa

1. Tu'bir morfema – joyt
2. –pa
   1) forma jasawshı morfema –pa - feyildin' bolımsız forması
   2) –pa - suffiks
3. so'zdin' tiykarı – joyt, do'rendi emes tiykar.
4. tariyxıy o'zgeris joq.

1-keste






2-keste




3-keste



4-keste




5-keste




6-keste




7-keste




8-keste




9-keste



10-keste




11-keste




12-keste

| Do'rendi tiykar | Do'retiwshi tiykar |
|---|---|
| o'zi boladının' | o'zi boladı |
| nızamlılıq | nızamlı |
| orınbasar | orın bas |
| awzıboslıq | awzı bos |
| densawlıq | den saw |
| talapshan'lıq | talapshan' |
| hu'jdanlı | hu'jdan |



13-keste




14-keste

## Forma jasawshı morfemalar

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Atlıqtın' erkeletiwshi formaları: | -tay, -jan |
| 2. | Atlıqtın' kishireytiwshi formaları: | -sha//-she, -shıq//-shik, -shaq//-shek, -laq |
| 3. | Kelbetliktin' da're je formaları: | -ıraq//-irek, -raq//-rek, -g'ıltım//-giltim, -law//-lew, -g'ısh//-gish, -g'ılt//-gilt, -ıs//-is, -ildir |
| 4. | Ra'wishtin' da'reje formaları: | -ıraq//-irek, -law//-lew |
| 5. | Sanlıqtın' formaları: | -ınshı//-inshi, -nshı//-nshi, -lanshı//-lenshi, -aw//-ew, -lag'an//-legen, -lap//-lep |
| 6 | Feyildin' formaları: | -la//-le. |
| | 1) meyil formaları: | -ma//-me, -ba//-be, -pa//-pe, -ayın//-eyin, -ayıq//-eyik, -g'ay//-gey, -qay//-key, -g'ı//-gi, -qı//-ki, -sa//-se, -maqshı//-mekshi |
| | 2) tu'r formaları: | -la//-le, -ala, -ıstır//-istir, -g'ıla//-gile, -qıla//-kile, -g'ıshla//-gishle, -mala//-mele, -ın'qıra//-in'kire, -ımsıra//-imsire |
| | 3) da'reje formaları: | -ın//-in, -n, -ıl, -il, -l, -ıs//-is, -s, -dır//-dir, -tır//-tir, -qız//-kiz, -ıt//-it, -set, -dar -qar//-ker, -g'ar//-ger, -qır//-kir, -g'ır//-gir, -ar//-er, -ır//-ir. |
| | 4) kelbetlik feyil formaları: | -g'an//-gen, -qan//-ken, -ar//-er, -tug'ın. |
| | 5) hal feyil formaları: | -ıp//-ip, -p, -a, -e, -y, -g'ansha//-genshe, -g'annan//-gennen |
| | 6) ha'reket atı feyil formaları: | -ıw//-iw, -w, -maq//-mek, -baq//-bek, -paq//-pek, -maslıq//-meslik, -jaqlıq |
| 7 | eliklewish: | taq-ır, tuq-ır |

15-keste




## MORFEMIKA BOYINSHA TESTLER

**1. Morfema degen ne?**

a) so'zdin' en' kishi bo'legi

v) so'zdin' da'slepki bo'legi

s) so'zdin' ma'ni an'latpaytug'ın bo'legi

d) so'zdin' bir buwını.

**2. Do'retiwshilik so'zinde neshe morfema bar?**

a) 1 v) e s) 4 d) 5

**3. So'zler morfemalarg'a ajıratılg'anda morfemalar arasındag'ı qanday baylanıs esapqa alınadı**

a) morfemalıq baylanıs s) grammatikalıq baylanıs

v) semantikalıq baylanıs d) leksikalıq baylanıs

**4. O'tmish, bolmısh, jazmısh, sho'mish so'zleri neshe morfemalı so'zler?**

a) morfemalarg'a ajıratılmaydı

v) 1,2 s) 2,e d) 1

**5. Jag'ımlı, barg'ısı, aldın, jıldam so'zleri qanday so'zler?**

a) bir morfemalı so'zler v) eki morfemalı so'zler

s) tu'bir so'zler d) jan'a ma'ni bildiriwshi so'zler

**6. Qanaatlandırarlıq so'zinde neshe morfema bar?**

a) 2 v) y s) 4 d) 5



**7. Morfema terminin birinshi ret kim usıng'an?**

a) Balli v) Martine s) Vandries d) Boduen de Kurtene

**8. Qaraqalpaq tilinde tiykar xızmetin qanday so'zler atqara aladı?**

a) tu'bir, birikken, jup so'zler

v) do'rendi, qospa, tu'bir so'zler

s) do'rendi, qurama, birikken so'zler

d) tu'bir, qospa, qurama so'zler

**9. Bu'kle, qızılıraq, kelgey so'zlerindegi ko'mekshi morfemalar qanday xızmette qollang'an?**

a) so'z o'zgertiw v) so'z jasaw s) forma jasaw d) ko'mekshi morfema joq.

**10. Qaraqalpaq tilinde qaysı affiksler postfikler xızmetinde qollanıladı?**

a) –g'ı//-gi, -sha//-she, -la//-le

v) –shı//-shi, -lı//-li, -g'ı//-gi

s) –g'ı//-gi, -qı//-ki, -shıq//-shik

d) –g'ı//-gi, -qı//-ki, -sha//-she

**11. Qaraqalpaq tilinde affikslerdin' jalg'anıw ta'rtibi qanday?**

a) tu'bir+so'z jasawshı+forma jasawshı+so'z o'zgertiwshi

v) tu'bir+so'z jasawshı+so'z o'zgertiwshi+forma jasawshı

s) tu'bir+so'z jasawshı+so'z jasawshı+so'z jasawshı+ so'z o'zgertiwshi+forma jasawshı

d) tu'bir+so'z jasawshı+ +so'z o'zgertiwshi+forma jasawshı

**12. Menshikli adam atlarına jalg'anatug'ın jan, bay, bek, biybi, xan, tay, nazar qaraqalpaq tilinde ne dep ataladı?**

a) affiksler s) affiksoidlar

v) so'z jasawshı affiksler d) postfiksler

**13. Xana, kesh, nama, ker, tanıw so'zleri tu'birlerge jalg'ang'anda qanday tiykarlar jasaladı?**

a) do'retiwshi tiykar s) do'rendi emes tiykar

v) do'rendi tiykar d) do'rendi ha'm do'retiwshi tiykar.

**14. –lar//-ler qanday morfemalar?**

a) so'z o'zgertiwshi morfema

s) ko'p funktsiyalı

v) forma jasawshı morfema

d) so'z o'zgertiwshi, forma jasawshı.

**15. –la//-le qanday morfemalar?**
a) so'z jasawshı morfema
v) so'z o'zgertiwshi morfema
s) so'z o'zgertiwshi ha'm so'z jasawshı
d) so'z jasawshı, forma jasawshı.

**16. Ma'nili so'zlerdin' tiykarlarının' quramına qaray qanday tu'rleri bar?**
a) do'retiwshi, do'rendi emes s) do'rendi, do'retiwshi
v) do'rendi d) do'rendi

**17. Do'rendi so'z ne dep ataladı?**
a) tiykar so'z v) tu'birli so'z
s) tiykarlı so'z d) do'retiwshi so'z.

**18. So'zdin' tu'biri degen ne?**
a) so'zdin' leksikalıq ma'ni an'latıwshı bo'legi
v) so'zdin' da'slepki bo'legi
s) so'zdin' baylanıstırıwshı bo'legi
d) so'zdin' o'zgermeytug'ın bo'legi.

**19. Ko'mekshi morfema degen ne?**
a) leksikalıq ma'nige iye bo'lek
v) so'zdin' keyingi buwınları
s) so'zdi ha'm onın' formasın jasawshı, onı baylanıstırıwshı bo'lekler
d) so'zdin' o'zgermeytug'ın bo'lekler.

**20. So'zdin' tiykarı degen ne?**
a) so'zdin' affikssiz bo'legi
v) so'zdin' so'z jasawshı affikslersiz bo'legi
s) so'zdin' so'z o'zgertiwshi affikslersiz bo'legi
d) so'zdin' betlik formaları.

**21. Diyqanshılıq, balıqshılıq, aspazlıq so'zlerinin' do'retiwshi tiykarı qaysılar?**
a) diyqan, balıq, aspaz s) diyqanshı, balıq, as
v) diyqan, balıqshı, aspaz d) diyqan, balıq, as

**22. –tanıw, -ker, -xana – . . .?**
a) suffiks v) postfiks s) affiks d) affiksoid

**23. Yydegi sawdanı, bazardag'ı nırq buzadı. Astı sızılg'an so'zlerdegi postfikslerdi tabın'?**
a) postfiks v) -da//-de s) -g'ı//-gi d) -dag'ı//-degi



**24. Qaysı affiksler prefiks xızmetin atqara aldı?**
a) -ma//-me, -ba//-be, -pa//-pe s) -sız//-siz, -lar//-ler
v) -biy, -na, -na' d) -xana, -bay, -nama, -ger.

**25. Morf terminin birinshi kim ha'm qashan usıng'an?**
a) Boduen ne Kurtene, 1881 s) Martine, 1963
v) Xarris, 1961 d) Xokket, 1947

**25. Neftobaza so'zindegi «o» elementi qanday bo'lek?**
a) infiks v) interfiks s) suffiks d) firkumfiks

**27. Morfemalar shegarasında eki morfemanı baylanıstırıwshı fonema dep ataladı?**
a) omoforma v) morfonema s) interfonema d) omofon

**28. Dos-dostı, ses-sesti degen so'zlerdegi -t qanday bo'lek?**
a) tartım jalg'awı v) interfiks s) suffiks d) postfiks

**29. Tınıshsızlandıratug'ın so'zinde neshe morfema bar?**
a) 4 v) y s) 7 d) 8

**30. Jag'<u>im</u>paz, una<u>m</u>sız, jen'<u>im</u>paz so'zlerindegi astı sızılg'an morfonemalar qayaqtan payda bolg'an?**
a) tu'bir morfema menen ko'mekshi morfemanı baylanıstırıw ushın
v) tiykardın' feyil so'z shaqabı bolıwınan payda bolg'an
s) tu'bir menen affikslerdi baylanıstırıw ushın qollang'an
d) o'zi tu'bir halında qollanıladı.

**31. Tu'bir ha'm affikslerdin' tıg'ız birigip, olar arasındag'ı morfemalıq jiktin' joytılıwı dep ataladı?**
a) fuziya v) fonologiya s) morfonologiya d) purizm

**32. Ag'ayin dostım, qastın', sustın' so'zlerindegi y, t fonemasi ne dep ataladı?**
a) morfonema v) interfonema s) omofon d) grammema

**33. Onnan, bunnan, usında, sonshama, bunday almasıqlarının' sepleniwindegi <u>n</u> ne dep ataladı?**
a) omoforma v) omofon s) interfonema d) morfonema

**34. Affikslerdin' tu'bir menen tu'birdin' arasında keliwi ne dep ataladı?**
a) infiks v) suffiks s) interfiks d) prefiks

**35. Tu'biri bir, biraq ha'r qıylı affikslerdin' ja'rdemi menen jasalg'an bir so'zdin' morfologiyalıq variantları dep ataladı?**

a) morfologiyalıq termin s) morfologiyalıq qubılıs
v) morfologiyalıq jik d) morfologiyalıq dublet

**36. Bir morfemanın' variantlarında o'z-ara orın almasatug'ın eki yamasa bir neshe fonema ne dep ataladı?**

a) fonemanın' variantı v) allomorph s) submorf d) omofon

**37. «Qaraqalpaq tilinin' morfemikası» kitabının' avtorı kim?**

a) A.Dawletov s) A.Bekbergenov
v) M.Qudaybergenov d) M.Da'wletov.

**38. Morfemika ne haqqında ilim?**

a) so'zdin' qurılısı haqqında ilim
v) so'zdin' ma'nileri haqqında ilim
s) so'zdin' morfemalıq qurılısı haqqında ilim
d) so'zdin' jasalıwı haqqında ilim

**39. Morftın' ren'klerinin' durıs berilgen qatarın anıqlan'?**

a) -lıq, -lıg', -maq, -mag'. s) -shı//-shi
v) -ma//-me, -ba//-be, -pa//-pe d) -lar//-ler

**40. Til - bilim ha'm aqıldın' awdarıwshısı. Ga'plerdegi so'zlerde neshe morfemalı so'zler bar?**

a) 2,5 v) 1,3 s) 2,3 d) 2,4

**41. İzleniwshilerdin' so'zinin' tiykarı qaysı?**

a) izle v) izlen s) izleniw d) izleniwshi

**42. So'z jasaw ha'm forma jasawg'a sebepshi bolatug'ın so'zdin' bo'legine ne delinedi?**

a) so'zdin' tu'biri s) so'z jasawshı qosımtalar
v) so'zdin' tiykarı d) tariyxıy tu'bir

**43. Ku'nlerdin' o'tiwin qa'lemeytug'ın adambız. Ga'pte neshe jerde do'rendi emes tiykar bar ha'm qaysılar?**

a) 4 v) e s) 2 d) 1

**44. Tek tiykarg'a iye, so'z o'zgertiwshi morfemalardı qabıl etpeytug'ın so'zlerdin' durıs berilgen qatarın anıqlan'?**

a) tek, tarsıldı, waq, yaq s) g'oy, ah, ha'm, tıqtıq
v) tars, tag'ı, wah, tek d) ja'ne, tek, du'rs, at

**45. Fleksiya degen ne?**

a) so'zdin' basındag'ı bo'lek s) so'zdin' aqırındag'ı bo'lek



v) so'zdin' ortasındag'ı bo'lek d) so'zdin' en' aqırındag'ı bo'lek

**46. Jalg'awlarg'a qaysı morfemalar kiredi?**

a) so'z jasawshı morfemalar s) forma jasawshı morfemalar
v) so'z o'zgertiwshi morfemalar d) hesh birine kirmeydi.

**47. So'zge bolımsızlıq ma'ni beriwshi element qaysı?**

a) xana, nama, tanıw s) biy, na, na'
v) bay, nama, ker d) -shı//-shi, -lıq//-lik

**48. O'zinin' tiykarg'ı ma'nisin waqıtsha joytıp, so'z quramındag'ı affiks xızmetinde keletug'ın morfemalar ne dep ataladı?**

a) allomorf v) affiks s) affiksoid d) prefiks

**49. Affiksoidlar dep qanday morfemalarg'a aytıladı?**

a) awıspalı ma'nidegi morfemalar
v) so'z jasawshı morfemalar
s) forma jasawshı morfemalar
d) so'z o'zgertiwshi morfemalar

**50. Grammatikalıq morfemalarg'a to'mendegilerdin' qaysıları kiredi?**

a) so'z jasawshı s) so'z o'zgertiwshi, forma jasawshı
v) so'z o'zgertiwshi d) so'z jasawshı, forma jasawshı

**51. <u>Olardan</u> awıldan keldi. Astı sızılg'an so'zde -lar morfeması qanday xızmette qollanılg'an?**

a) so'z jasawshı s) forma jasawshı
v) so'z o'zgertiwshi d) so'z jasawshı, forma jasawshı

**52. -Lar//-ler morfemasının' so'z o'zgertiwshi morfema xızmetinde kelgenligi qalay bilinedi?**

a) almasıqlarg'a jalg'ang'anda s) feyillerge jalg'ang'anda
v) atlıqlarg'a jalg'ang'anda d) ko'mekshi so'zlerge jalg'ang'anda

**52. -g'ay morfeması qanday xızmetlerde qollanıladı ?**

1. atlıq jasawshı morfema; 2. kelbetlik jasawshı morfema; e. forma jasawshı morfema; 4. so'z o'zgertiwshi morfema.

a) 1,4 v) 2,3,4 s) 1,2,3 d) 1,3,4

**54. Bag'man menen orman arasınan baraman. So'zlerde qollanılg'an omonim morfema qanday xızmette qollanılg'an?**

1. atlıq jasawshı; 2. forma jasawshı; 3. so'z o'zgertiwshi; 4. feyil jasawshı

a) 1,2 v) 1,3 s) 3,4 d) 2,4

**55. Terek, sırg`a, qabırg`a, eshki, ko`pir so`zlerinin` neshe morfemalı so`z ekenin anıqlan`.**

a) 4 v) 2 s) 3 d) tu`bir

**56. Birlenbegenligi so`zinde neshe morfema bar?**

a) 7 v) 5 s) 6 d) 4

**57. -g`ay morfeması qanday xızmetlerde qollanıladı ?**

1. atlıq jasawshı morfema 2. kelbetlik jasawshı morfema 3. forma jasawshı morfema 4. so`z o`zgertiwshi morfema.

a) 1, 2, 3 v) 2, 3, 4 s) 1, 4 d) 1, 3, 4

**58. Televidenie, miyman, oramal, respublika, na`ka`s so`zlerinin` neshe morfemalı so`zler ekenin anıqlan`.**

a) tu`bir so`zler v) 2 s) 3 d)4

**59. Affiks so`zinin` shıg`ıw deregin ha`m ma`nisin anıqlan`.**

a) latınsha so`z bolıp, af bekitilgen degen ma`nini an`latadı

v) grekshe so`z bolıp, affiks qaptalına bekitilgen degen ma`nini an`latadı

s) grekshe so`z bolıp, af aldına bekitilgen degen ma`nini an`latadı

d) latınsha so`z bolıp, affiks a`tirapına bekitilgen degen ma`nini an`latadı

**60. Ag`ayin so`zindegi -y qanday birlik?**

a) morf v) morfonema s) interfonema d) interfiks

**61. -ın//-in affiksi omonim morfema bola ala ma?**

1- atlıq jasawshı; 2 - ra`wish jasawshı; 3 - feyil forması; 4 - feyil jasawshı; 5 - seplik jalg`awı.

a) 1,2,4 v) 1,2,3 s) 1,4,5 d) 1,3,5

**62. <u>Shırag`ım</u>, o`z elin`de bolg`ıl shopan. <u>Watanım</u> – altın besigim. Astı sızılg`an so`zlerdegi -ım omonim morfeması qanday xızmette jumsalg`an?**

a) so`z jasawshı, so`z o`zgertiwshi

v) forma jasawshı, forma jasawshı

s) so`z o`zgertiwshi so`z jasawshı

d) forma jasawshı, so`z o`zgertiwshi



**63. Sonsha – sonsha*ma*, ha`zir*de*, bu`gin*de*, qızıq*lı* so`zlerinde belgilengen affiksler qanday birlik?**

a) interfonema v) morfonema s) submorf d) morf

**64. Ag`ayin so`zindegi -y qanday birlik?**

a) morf v) morfonema s) interfonema d) interfiks

**65. Qaraqalpaqstanlılardanbız so`zindegi ko`mekshi morfemalardın` jalg`anıw ta`rtibin anıqlan`.**

A) Tu`bir+ so`z jasawshı + so`z o`zgertiwshi + so`z o`zgertiwshi + so`z o`zgertiwshi

B) Tu`bir+so`z jasawshı+so`z jasawshı+forma jasawshı+so`z jasawshı+so`z o`zgertiwshi

S) Tu`bir+ so`z jasawshı +so`z jasawshı+forma jasawshı +so`z o`zgertiwshi+so`z o`zgertiwshi.

D) Tu`bir + so`z jasawshı + forma jasawshı + so`z o`zgertiwshi + so`z o`zgertiwshi

**66. Bag`man menen orman arasınan baraman. So`zlerde qollanılg`an omonim morfema qanday xızmette qollanılg`an?**

1. atlıq jasawshı 2. forma jasawshı 3. so`z o`zgertiwshi 4. feyil jasawshı

A) 2,4 Б) 3,4 C) 1,3 D) 1,2

**67. Qudasha qız ha`zirshe tutqısh penen qumandı aldı. Ga`pte forma jasawsha omonim morfemalar berilgen be?**

A) turqısh, quman B) qudasha, ha`zirshe

C) quman, ha`zirshe D) berilmegen

**68. -jan affiksine sinonim affiksti tabın`.**

A) –xan Б) –alaq C) –y D) -gene

**69. Sinonim bola alatug`ın morfemalardı anıqlan`.**

A) -ıw//-iw, -jaq//-jek, -g`a, -law//-lew, -maq//-mek, -da,

B) -ıw//-iw, -ıraq//-irek, -g`a, -law//-lew, -maq//-mek, -da

S) -maqta//-mekte, -ıraq//-irek, -dan, -law//-lew, -maq//-mek, -da,

D) -dın`, -ıraq//-irek, -g`a, -g`ısh//-gish, -da,

**70. Biz, siz, ko`z so`zlerinin` quramındag`ı –z elementi eski tilde qanday forma bolg`an?**

A) so`z jasaw forması B) leksikalıq bo`lek

S) tu`bir so`zdin` quramında D) ko`plik forma

**71. Biz, siz, ko`z so`zlerinin` quramındag`ı –z elementi eski tilde qanday forma bolg`an?**

A) so`z jasaw forması B) leksikalıq bo`lek S) tu`bir so`zdin` quramında D) ko`plik forma

## MORFEMİKA BOYINSHA GLOSSARİY

***Abbreviatura*** – qısqarg'an qospa so'z, yag'nıy akronimler: BMSh, prof., mag.

***Ablativ*** – shıg'ıs sepligi.

***Aditiv*** – barıs sepligi.

***Affiks morfema*** – jeke turıp qollanıla almaytug'ın, leksikalıq ma'nige iye emes, tu'bir morfemalarg'a qosılıp onın' leksika-grammatikalıq o'zgeshelikleri menen baylanıslı bolg'an ha'r qıylı ma'nilerdi bildiriwge xızmet etetug'ın morfemalar: ruwx-***ıy-lıq***, a'deb-***iyat***.

***Affiksoidlar*** – tiykarg'ı leksikalıq ma'nisin waqıtsha joytıp, affikslik morfema xızmetinde qollanılıwshı awıspalı ma'nidegi affiksler: kitapxana, Bepdaqtanıw t.b.

***Akkuzativ*** – tabıs sepligi.

***Allomorf*** – forması ha'm ma'nisi bir-birine jaqın morflar. Mısalı: **-la//-le:** *tırma+la, utyug+le;* **-shı//-shi:** *etikshi, esapshı, shımbayshı, du'kanshi.*

***Dekorrelyatsiya qubılısı*** – co'zlerdegi morfemalar sanının' qatar ta'rtibinin' ha'm ajıralıw uqıplılıg'ının' o'zgermey-aq, tek olardın' xarakteri yamasa ma'nisinin' o'zgeriwi: *basqa, ila'jsızdan, biykapg'a, geyde, bazda* ha'm t.b. so'zlerde bul seplik formasındag'ı so'zler ra'wish ma'nisinde qollanılıp tur.

***Do'rendi emes tiykar*** – bo'linbeytug'ın bir bo'lekten, yag'nıy tu'bir morfemadan turatug'ın tiykar: *bala, taw, terek, bes, u'sh* ha'm t.b.

***Do'rendi emes tiykarlar*** – bo'linbeytug'ın bir bo'lekten, yag'nıy tu'bir morfemadan ibarat tiykar: bala, taw, terek, bes, u'sh ha'm t.b.

***Do'rendi tiykar*** - quramında keminde bir so'z jasawshı yamasa forma jasawshı morfemaları bar tiykar: *aytıs, baslıq, basshı, taslıq, kitapsha* ha'm t.b.

***Do'rendi tiykarlar*** – **q**uramında keminde bir so'z jasawshı yamasa forma jasawshı morfema bolg'an tiykar: aytıs, baslıq, basshı, taslıq, kitapsha ha'm t.b.



***Do'retiwshi tiykar*** – do'rendi so'zdin' jasalıwına tiykar bolatug'ın yaki do'rendi tiykardan bir morfema kemis bolatug'ın tiykar: balıqshılıq do'rendi tiykar, balıqshılıq so'zinin' do'retiwshi tiykarı balıqshı, balıqshı so'zinin' do'retiwshi tiykarı balıq.

***Erkin tiykar*** – tiykarg'ı tu'bir morfema bolıp, bo'lek turıp ta, do'rendi so'zlerdin' quramında da qollanıla beretug'ın so'z bo'legi: *jaz-ıw, jaz-ıwshı,*

***Fleksiya*** – tek grammatikalıq jaqtan o'zgeretug'ın so'zlerge jalg'anıp, grammatikalıq ma'nisin anıqlaytug'ın ha'm so'zdi basqa so'zler menen baylanıstıratug'ın, yag'nıy qaysı sanda, bette, seplikte turg'anın ko'rsetetug'ın so'zdin' en' aqırg'ı so'z o'zgertiwshi morfeması: kitap*tın'*, kitabı*nın'*. Qa'legen so'zde jalg'awlardın' bolıwı sha'rt emes.

***Forma jasaw tiykarı*** – jan'a forma jasawg'a sebepshi bolg'an tiykar: **balıqlar** so'zinde **balıq** so'zi forma jasaw tiykarı.

***Fuziya*** – latınsha so'z bolıp, eritindi, quyma ma'nisin an'latıwshı, tu'bir menen affikstin' tıg'ız birigip arasındag'ı morfemalıq jiktin' joytılıw qubılısı. Mısalı: o-lar, biz-in'. Tu'rkiy tilleri agglyutinativ tiller qatarına kirgenlikten affiksler shınjır ta'rizli birinin' izine biri jalg'ana beredi, olardın' shegarası anıq bilinip turadı. Bull ko'birek rus tilinde bar qubılıs. Ol qubılıstı affiks tu'bir menen sin'isip ketip tu'bir ko'birek fonetikalıq o'zgerislerge ushıraydı. Mısalı: сон – сна, день – дня, друг – друзья, писать – пищу.

***G'a'rezli tiykar*** – bo'lek turıp qollanılmaytug'ın, tek do'rendi tu'birdin' quramında qollanılatug'ın so'z bo'legi: *a'debiyat, ma'deniyat, a'neydey* ha'm t.b.

**G'a'rezli tiykar** – bo'lek turıp qollanılmaytug'ın, tek do'rendi tu'birdin' quramında qollanılatug'ın tiykar: a'debiyat, ma'deniyat, a'neydey ha'm t.b.

***Grammatikalıq ma'nisi*** – so'zdin' basqa so'zler menen grammatikalıq baylanısqa tu'siwi na'tiyjesinde payda bolatug'ın uluwmalasqan, abstrakt ma'ni. So'z ga'pte basqa so'zler menen qarım-qatnasqa tu'siwi ushın belgili bir formada turıwı kerek.

***Grammatikalıq morfemalar*** – so'zlerge qosılıp, olardın' baylanısıwına, grammatikalıq ma'nisine ta'sir etetug'ın morfemalar. Qaraqalpaq tilindegi betlik, seplik, tartım, ko'plik jalg'awları ha'm forma jasawshı morfemalar usıg'an kiredi.

***İnfiks*** – tu'bir menen affikstin' ortasında qollanılıp, so'z

bo'leklerin biriktiriwshi element: u'y-*de*-gi, bazar-*da*-g'ı. Bul so'zlerde infiks so'z tiykarının' ishinde qollanılg'an. Tartımlı sepleniwde qollanılg'an qıstırma -n elementin G.F.Blagova infiks dep ataydı: jag'ası-*n*-da, qası-*n*-a, ses-*t*-in.

***İnterfiks*** – latın so'zi bolıp, «arası, ortasına bekitilgen» degen ma'nidegi ha'm tu'birdin' arasında keletug'ın element: duovit.

***İshki jasalıw*** – bir so'z shaqabınan sol so'z so'z shaqabına ta'n jan'a tiykar jasaytug'ın usıl. Ma'selen, **-shı//-shı** morfeması atlıqtan atlıq jasaydı: balıq - balıqshı, su'wret - su'wretshi; -stan affiksi de atlıqtan atlıq jasaydı: qaraqalpaq - Qaraqalpaqstan, o'zbek – O'zbekstan; -sha/-she morfeması ra'wishten ra'wish jasaydı: bu'gin - bu'ginshe, bıyıl - bıyılsha ha'm t.b.

***Jay tiykar*** – tek bir morfemag'a iye so'zdin' bo'legi: *terek-lik, bala-sha, jıl-awıq.*

***Jılısıw qubılısı*** – geyde so'zlerdin' quramındag'ı morfemalardın ajıralıw shegarası da waqıtlar o'tiwi menen o'zgerislerge ushırap, yag'nıy ondag'ı bir morfemanın' ayırım elementi ekinshi morfemag'a o'tip ketiw qubılısı: ***olar, bular – o-lar, bu-lar.***

***Jılısıw yamasa qayta bo'liniw qubılısı*** – morfemalar shegarasında qabatlasqan seslerdin' bir morfemadan ekinshi morfemag'a o'tip ketip, qayta bo'liniwi yamasa so'zlerdin' rawajlanıwında olardın' quramındag'ı morfemalardın' ajıralıw shegarasının' o'zgeriw qubılısı: dos, do'st – **dos-tı.**

***Ko'mekshi morfema*** – so'z jasaw, forma jasaw, so'z o'zgertiw sıyaqlı grammatikalıq xızmetlerdi atqaratug'ın morfemalar: balıq-***shı-lar-g'a***

***Morf ren'kleri*** – morfemalardın' bir neshe ko'rinisi: **-ma//-me** morfının' -ba, -be, -pa, -pe sıyaqlı ko'rinisi bar.

***Morf*** – so'zdin' en' kishi ma'nilik bo'legi, «morfa» degen grekshe so'zden alıng'an, forma degendi an'latatug'ın, 1947-jılı amerikalı lingvist Xokket ta'repinen usınılg'an termin.

***Morfema*** – morfemikanın' tiykarg'ı birligi, rus-polyak ilimpazı Boduen de Kurtene ilimge alıp kirgen atama ha'm tu'sinik.

***Morfema*** – sesten keyin turatug'ın semantika-morfologiyalıq birlik bolıp, grekshe so'zden alınıp, «forma» degen tu'sinikti an'latatug'ın termin.

***Morfemika*** - h'a'zirgi qaraqalpaq tilinin' morfemalıq qurılısı, morfema tu'sinigi, morfemalardın' tu'rleri, morfemalar



arasındag'ı semantika-strukturalıq qatnaslar, so'zlerdin' ma'nili bo'lekleri bolg'an morfemalardı, morfemalar qurılısındag'ı tariyxıy o'zgerisler, so'zlerdin' morfemalıq qurılısın izertleytug'ın ilim.

***Morftın' variantları*** – forması ha'm seslik qurılısı jag'ınan o'zgerislerge ushırag'an morflar. Mısalı: **Ek** tu'bir morfemasına dawıslı sesten baslang'an qosımta qosılg'anda tu'birdegi u'nsiz **k** dawıssızı u'nli **g** dawıssızına aylanadı: **ek - egin.** Ko'mekshi morfemalarda da usınday seslik o'zgerisler ushırasadı. Mısalı: **doslıq - doslıg'ı, ku'ndelik - ku'ndeligi** ha'm t.b.

***Nol forma arqalı bildirilgen grammatikalıq ma'ni*** arnawlı ko'rsetkishi bolmay-aq ga'pte qollanılg'an so'zdin' grammatikalıq ma'nisi: bala, aq, tez ha'm t.b.

***O'nimli morfemalar*** – tilde belgili so'zler toparın jasawshı yamasa so'zdin' grammatikalıq formaların jasawda ken'nen qollanılatug'ın ha'm ko'plegen so'zlerge jalg'ana beretug'ın morfemalar: atlıq jasawshı –shı//-shi: duwtarshı, moynaqshı ha'm t.b.

***O'nimsiz morfemalar*** - bir so'zge yamasa ju'da' az mug'dardag'ı so'zler toparına jalg'anatug'ın morfemalar: qanxor, tu'simpaz ha'm t.b.

***Omonim affiks morfemalar (omomorfemalar)*** – seslik du'zilisi birdey, al ma'nileri basqa-basqa morfemalar: **-ma/ -me, -ba/ -be, -pa/ -pe** affiksi feyilden atlıq (*alma, tartpa, qarma),* feyilden kelbetlik (*oyma (jag'a), qurama (el), ezbe (adam)),* feyildin' bolımsız tu'rin (*aytpa, kelme, barma*).

***Postfiks*** –so'z o'zgertiwshi affikslerden son' jalg'ang'an so'z jasawshı affiks: *u'ydegi, qaladag'ı, qaharmanlarsha* so'zlerindegi **-gi, -gı, -sha** affiksleri.

***Prefiks*** – latın so'zi bolıp, «aldına bekitilgen» degen ma'nidegi ha'm tu'birdin' basında jumsalatug'ın affiks: *biyma'lim, namaqul, na'ka's.*

***Qospa tiykar*** – eki yamasa onnan da ko'p tu'bir morfemag'a iye so'zdin' bo'legi: biraq, paxmet, atqulaqtan, bala-shag'anı, AQSh tan. Qospa tiykarlarg'a birikken so'zler, jup so'zler, qısqarg'an qospa so'zler, ta'kirar so'zler mısal boladı.

***Sin'isiw qubılısı*** – burın morfemalarg'a ajıralatug'ın so'zlerdin' endi ajıralmaytug'ın bir tu'bir morfemag'a aylanıwı: *ko'z, ko'r – ko', semip, semiz – semi, uzaq, uzay – uza, jay, jaz – ja.* Sin'isiw qubılısı birikken so'zlerde ko'birek ushırasadı: shegara (shek ara) , bilezik (bilek ju'zik), Moynaq (moynı aq), Xalqabad (xalqı abad), seksen (segiz on), *bu'gin (bul ku'n), so'ytip (solay etip),* ha'm t.b.

***Sinonim affiks morfemalar*** - seslik du'zilisi boyınsha ha'r qıylı, ma'nileri boyınsha bir-birine jaqın so'z jasawshı, forma jasawshı ha'm so'z o'zgertiwshi affiks morfemalar. Ma'selen, kelbetlik jasawshı **-g'ır/-gir -qır/-kir** affiksi menen **-g'ısh/-gish, -qısh/-kish** affiksleri sinonim boladı: **bilgir - bilgish, tapqır - tapqısh** h.t.b.

***Sırtqı jasalıw*** – bir so'z shaqabınan ekinshi so'z shaqabına ta'n jan'a so'zlerdi jasaytug'ın usıl. Bul qaraqalpaq tilindegi ko'pshilik so'z jasawshı morfemalarg'a ta'n qa'siyet. Ma'selen, **ushqır** (feyilden kelbetlik), **serppeli** (feyilden kelbetlik), **tezlet** (ra'wishten feyil), **qaraqalpaqsha** (atlıqtan ra'wish) ha'm t.b.

***So'z jasaw bazası*** – bul do'rendi so'zdin' materiallıq tiykarı, onı jasawshı, do'retiwshi tiykar: **wa'siyat**+nama, **awıl**+lıq. Qaraqalpaq tilinde so'z jasaw bazası xızmetinde so'z, so'zdin' tiykarı, birneshe so'zlerdin' yamasa tiykarlardın' dizbekleri qollanıladı.

***So'z jasaw formantı*** – do'rendi so'zdin' jasalıwına sebershi qural: bala+**lıq**, rus+**sha.** Qaraqalpaq tilinde so'z jasaw formantı xızmetin suffiksler, postfiksler, al geyde ayırım forma jasawshı morfemalar atqaradı.

***So'z jasaw ma'nisi*** – do'rendi so'zdin' do'retiwshi so'zge semantikalıq qatnasın an'latıp, do'rendi so'zde ha'r qıylı til quralları arqalı bildiriletug'ın ma'ni.

***So'z jasawshı morfemalar*** – jan'a leksikalıq ma'nidegi so'zlerdi jasaytug'ın so'z grammatikalıq emes morfemalar. Qaraqalpaq tilinde atlıqlardın' (-shı, -shi, -shılıq, -shilik ha'm t.b.), kelbetliklerdin' (-lı, -li, -sız, -siz, biy, -pa), ra'wishlerdin' (-sha, -she, -lay, -ley), feyillerdin' (-la, -le, -las, -les) so'z jasawshı morfemaları bar.

***So'zdin' tiykarı*** - so'zdin' tiykarg'ı leksikalıq ma'nisin bildiretug'ın bo'legi, yag'nıy so'zdin' o'zgeriwshi morfemalardı alıp taslag'annan keyin qalg'an bo'legi: oqıwshı-lardın', rayondag'ı-larg'a ha'm t.b.



***So'zdin' tiykarı*** - sol so'zdin' tiykarg'ı leksikalıq ma'nisin bildiretug'ın bo'legi, yag'nıy so'zdin' o'zgeriwshi morfemalardı alıp taslag'annan keyin qalg'an bo'legi: *oqıwshı-lardın', rayondag'ı-larg'a* ha'm t.b.

***So'z jasaw tiykarı*** – jan'a leksikalıq ma'nige iye so'zlerdin' jasalıwına sebepshi bolg'an tiykar: **balıqshı** so'zinde **balıq** so'zi jan'a so'z jasaw tiykar.

***So'z o'zgertiwshi morfemalar*** - o'zgeretug'ın so'z shaqaplarına ta'n bolıp, atlıq ha'm feyilge jalg'anıp, onı ga'p ishindegi yamasa so'z dizbegindegi basqa so'zler menen grammatikalıq baylanısqa tu'siretug'ın morfemalar. Qaraqalpaq tilinde tartım, ko'plik, betlik, seplik jalg'awları ha'm atlıqtın' subiektiv baha beriwshi formaları, kelbetlik ha'm ra'wishtin' da'reje formaları, ha'reket atı feyili, kelbetlik feyil ha'm hal feyillerdin' formaları jatadı. So'z o'zgertiwshi morfemalar ayırım miynetlerde so'z tu'rlewshi ataması menen de ataladı.

***So'zdin' grammatikalıq forması*** – bul onın' grammatikalıq ma'nisi.

***So'zdin' leksikalıq ma'nisi*** – ha'r bir ma'nili so'zdin' belgili bir tu'sinikti an'latatug'ın konkret ma'nisi.

***So'zdin' leksikalıq ma'nisi*** – onın' tiykarı, so'zdi basqa so'zlerden ayırıp turatug'ın reestrlik so'zlik ma'nisi.

***Suffiks*** – tu'bir morfemag'a tikkeley jalg'ang'an so'z jasawshı affiks: *balıqshı, aqıllı, qaraqalpaqsha, birle* sıyaqlı so'zlerde **-shı, -lı, -sha, -le** morfemaları suffiks xızmetin atqarıp tur.

***Tiykar*** – so'z jasaw yamasa forma jasawg'a sebepshi bolg'an, leksikalıq ma'ni an'latıwshı so'z bo'legi: **balıqshılıq** so'zinin' jasalıwı ushın tiykar – **balıqshı** so'zi, al **balıqshı** so'zinin' jasalıwı ushın tiykar – **balıq**.

***Tsirkumfiks*** – latın so'zi bolıp, «do'geregine bekitilgen» degen ma'nidegi ha'm tu'birdin' eki ta'repinde keletug'ın morfemalar: mektep – **ma**-ktab-**ta**.

***Tu'bir morfema*** – so'zdin' tu'p leksikalıq ma'nisin bildiriwshi bo'lek: kekselik, zeyinli, qaraqalpaqsha, **balıq-shı-lıq, bala-lar, ar-sız-lıq, bil-im-len-dir-iw** ha'm t.b.

***Tu'bir so'z*** – tu'birles so'zlerdin' ortaq bo'legi boladı: quw, quw-g'ın, quw-g'ın-shı.

## PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR

1. Бекбергенов А., Пахратдинов Қ. Тил билими терминлери сөзлиги. Нөкис, 1997.
2. Dawletov A., Dawletov M., Qudaybergenov M. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tili. Morfemika. Morfonologiya. So'z jasalıw. Morfologiya. No'kis, 2010
3. Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң грамматикасы (Сөз жасалыў ҳәм морфология). Нөкис, 1994.
4. Jamolxonov N. Hozirgi o'zbek adabiy tili. Toshkent, 2005
5. Мейирманқулова Т. Билим бериўдеги инновациялық технологиялар. Алматы, 2005.
6. Ўзбек тили грамматикаси. I. Морфология. Тошкентт, 1975.
7. Orazıxanova N.A., İsaeva J.T., Suleeva G.S. Qazaq tili (so'z jasam, morfologiya). Almatı, 2004.
8. Қудайбергенов М. Қарақалпақ тилиниң морфемикасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001.
9. Қудайбергенов М. Қарақалпақ тилиниң морфонологиясы. Тошкент, «Зар қалам», 2006.
10. Лопатин В.В. Русская словообразовательная морфемика. М., «Наука» 1977.
11. Мергенбаев Е. Түркий тиллерде сөз өзгертиў системасы. Нөкис, «Билим», 1994.
12. Нажимов А. Декорреляция процеси ҳәм оның сөз жасаўға қатнасы // Қарақалпақстан муғаллими, 1994, №1, 10-11-бет
13. Тожиев Е. Ўзбек тили морфемикаси. Тошкент, 1992.
14. Ҳожиев А. Ҳозирги ўзбек тилида форма ясалиши. Тошкент, «Ўқитувчи», 1990.



## MAZMUNI

So'zlerdin' morfemalıq qurılısı ..... 3
Morfemalardın' tu'rleri ..... 6
Ko'mekshi morfemalardın' tu'rleri ..... 8
Ko'mekshi morfemalardın' xızmetleri ..... 10
Morfemalar arasındag'ı qatnaslar ..... 15
Co'zdin' tiykarı ..... 19
So'zlerdin' morfemalıq qurılısındag'ı tariyxıy o'zgerisler ..... 23
Morfemalıq tallaw ta'rtibi ..... 25
Kesteler ..... 36
Morfemika boyınsha glossariy ..... 44
Paydalanılg'an a'debiyatlar ..... 50

Qaraqalpaq tilindegi so'zlerdin' morfemalıq qurılısı. Oqıw qollanba. – Tashkent, "BAYOZ", 2015, 52 bet.

ISBN-978-9943-4422-8-3

UO'K: 811.512.121
BBK: 81.2O'zb-6Қ-4

G. S. PATULLAEVA

# QARAQALPAQ TILINDEGI SO'ZLERDIN' MORFEMALIQ QURILISI

(oqıw qollanba)

Redaktor Oydin Ametova
Texnik muharrir Shohruh Botirov
Dizayner Bahodir To'xliyev

Baspa litsenziyası: AI №234 11.02.2013.
Basıwg'a ruxsat etildi: 02.06.2015.
Qag'az ko'lemi 60 X 84 1/16. 1000 nusqa.
Buyırtpa 17. Kelisilgen bahada.

«BAYOZ» baspası: 100100, Tashkent, Yusuf Hos Hojib ko'shesi, 103



Patullaeva Gawhar Saqlapbergenovna 1975-jılı Qanlıko`l rayonında tuwılg`an. Milleti qaraqalpaq. O`zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ag`ları.1992-jılı Qanlıko`l rayonındag`ı 23-sanlı orta mektepti «altın medal» menen pitkerip, sol jılı A`jiniyaz atındag`ı NMPI nın` qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakultetine oqıwg`a kiredi. Nawayı stipendiatı bolıp, 1997-jılı «ayrıqsha» diplom menen pitkergen. 1998–2000-jılları institutag`ı aspiranturada oqıg`an. 2000-jılı Prezident stipendiatı bolg`an. 2001-jılı «Qaraqalpaq tilinde tartımlıq ma`ninin` bildiriliw usılları» degen temada kandidatlıq dissertatsiyasın qorg`ap, filologiya ilimlerinin` kandidatı ilimiy da`rejesin alg`an. 2008-jılı O`zbekstan Respublikası JAK ta`repinen dotsent ilimiy atag`ı berilgen. Ol 20 dan aslam ilimiy miynetlerdin` avtorı. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin` 5-klassları ushın «Qaraqalpaq tili» sabaqlıg`ının` avtorı, bir qansha monografiyalardın`, ilimiy miynetlerdin`, so`zliklerdin` juwaplı redaktorı. Sonday-aq, onın` avtorlıg`ında «Qaraqalpaq tilinde tartım ma`nisinin` bildiriliw usılları» (Tashkent, 2005) monografiyası, «Qaraqalpaq tilindegi so`zlerdin` morfemalıq qurılısı» (Tashkent, «Fan», 2007), oqıw qollanbası, ««Ha`zirgi qaraqalpaq tili, morfologiya» pa`ninen o`z betinshe jumıslar (Tashkent,«Fan», 2007) metodikalıq qollanbası, ««Ha`zirgi qaraqalpaq tili, morfologiya» pa`ninen laboratoriyalıq jumıslar (Tashkent, «Fan», 2007) metodikalıq ko`rsetpesi baspadan shıqtı. Ha`zirgi waqıtta G.Patullaeva A`jiniyaz atındag`ı NMPI Qaraqalpaq til bilimi kafedrasının` dotsenti lawazımında islep atır.

ISBN 978-9943-4422-9-0
BAYOZ